


# KURATIDZWA KWA KRISTU

## MUMAZERA OSE

 Ndinoona uri mukana mukuru kuva pano husiku huno. Inguva yangu yekutanga yekuva pano muguta rino rakanaka reBirmingham. Oo, ndaida kuuya, nguva zhinji. Asi zvinongoita sezvinoshanda neimwe nzira, uye Ishe vane nguva dzaVo Voga dzavakatarazvinyu, saka ndiwo mashandiro aAkazviita. Tinotenda nenguva ino, uye neava vanotsigira nemari vakanaka.

<sup>2</sup> Uye zvino husiku huno hwakangoita sekunge... Tinogaroita zvakaita sekunge hu—husiku hwekuzivana. Uye, munoziva, kana uri muchivakwa chinenge chino, panenge pane... isati yamboshandisirwa shumiro dzechechi, handifungiri sekudaro. Ndinonzwisisa inzvimbo yekuchengetera zvombo. Zvakaita sekunge pamwe kunge pamwe yekudzidzira zvemauto, nekutambira mitambo, nezvakadaro. Hazvina kuita sekunge kuuya muchechi. Kwauno... Ndinotenda kuti muchechi mune Mweya waMwari urimo, uye zvichiita sekunge mamwe manzwiwo ekuyeresera. Asi kana ukauya munzvimbo ine mitambo yekuvaraidza, nedzimwe nguva muchiitwa zvesezvese, zvino zvinoita sekunge zvakaoma kutanga kwechinguva, kusvikira tazozivana mumwe nemumwe. Uye, zvino, isu tose tisingazivane, mumwe nemumwe, zvinozviita sekunge... Saka, tinotarisa toshamisika. Asi kana tikangoedza kuzvibvisa izvozo, nekukurumidza kwatingagona.

<sup>3</sup> Uye—uye rangarirai tiri pano kushumira Ishe Jesu. Tiri pano kuita zvatinozona, zvose zvatinozona, kufambisira mberi Humambo Hwake. Uye ndiri kuisa kushingaira kwangu. Uye handi—ndikwanise kuzviita ndiri ndega. Zvichatora rubatsiro rwenyu nerubatsiro rwangu, uye nerubatsiro rwaMwari, uye naYe tichakwanisa kuona kubwinya kwaMwari kuchidzika uye kwotishanyira. Uye ndizvo zvatiri kunyatsoda, ndizvo zvatavinga pano, kushanyirwa kubva kuna Mwari.

<sup>4</sup> Zvino hatisi vazhinji muhuwandu, uye hatina mhombho yevanhu yakakurisa. Hatisi kuzogara kwenguva refu. Nechimwe chinhu, ini... Mharidzo yangu yakanyanyira kuvanhu vanotenda Vhangeri rakazara. Iri pahwaro ihwohwo, kunyangwe munhu wese achiuya.

<sup>5</sup> Tinonamatira vanorwara. Uye hatizviti tiri mupodzi kana mumwe munhu anogona kupodza mumwe munhu. Tinotenda kuti kune mupodzi mumwe chete, anova Mwari. Asi tinotenda kuti Akagadza munhu kunamatira vanorwara,

uye tinodaro. Tinonamatira vanorwara. Zvino Ishe akatiitira nyasha, kupindura minamoto yedu, nguva zhinji. Uye isu, kutenderera pasi rose, takaona, zakanaka, kungopetwa kwezviuru zvakapetwa zviuru zviriri zvevanhu, vakaremara, vanotambudzika, mapofu, mhetamakumbo, vakaoma mitezo, vakapodzwa. Uye tiri kungotenda kuti tinongo...kuti, “Akakuvadzwa nekuda kwekudarika kwedu; nemavanga Ake takapodzwa.” Uye tinotenda kuti ndiko kubatsirika, ndiyo kodzero yakatsaurwa, kuvatendi.

<sup>6</sup> Zvino, hazvise zvevasingatendi. Vanhu vanoti, “Zvakanaka, ini—ini handitendi kuti zvinogona kuitika.” Saka, hazvise zvakaitika kwauri. Kungoti—kungoti iwe chingogutsikana kuti, hazvise zvakaitika kwauri. Asi zvinoitika kune avo vanotenda, nekuti ndezvevatendi chete.

<sup>7</sup> Zvino hazvitiiti mupodzi, sekungoparidza ruponeso hakutiiti Muponesi. Ti—tinoziva kuti kune mupodzi mumwe chete neMuponesi mumwe chete, zvino ndiye Munhu mumwe chete iyeye, Jesu Kristu. Tiri pano kuzoMubwinyisa kuvanhu.

<sup>8</sup> Zvino, rumutsiro hakusi chaiko kuwedzera nhengo itsva kuchechi. Rumutsiro kumutsiridza izvo zvawagara unazvo kare. Uye dzimwe nguva ndinoedza kufunga kuti rumutsiro nderwei.

<sup>9</sup> Izvi zvingaite sezvisinganzwisisike zvisvishoma, kumuenzi kwamuri, kutaura izvi. Asi ndakanga ndakamira kumahombekombe edziva guru, rimwe zuva, muLake Michigan. Ndaitarisira masaisai, kuti aiuya sei nekudzokera, uye achisvetuka. Oo, yaiva mhengo ine simba ichivhuvhuta, uye—uye masaisai aimhanya achikwira mudenga, achimonyoroka kukwira nekudzika, okunguruka achiuya uye obuda kunze, okunguruka achiuya zvakare. Ndakafunga, “Ini zvangu, rumutsiro rwakadini!” Asi, munoziva, hamuna imwezve mvura mudziva iroro inodarika apo parinenge rakanyatsodzika nekunyarara. Ndizvozvo chaizvo. Rine mvura yakangofanana muhwindu. Maona?

<sup>10</sup> Zvino ndinofunga, kuti sei dziva iro raibvongodzwa? Zvakangofanana nekumutsiridzwa kwatinoitwa murumutsiro. Tinofambiswa. Munoziva zvazvinogara zvichiita kudziva, hazvo? Zvinorichenesa. Zvinoshambidza marara ose kunze kumahombekombe. Saka ndosaka tichifanira kuti tive nerumutsiro; kubvisa kusatenda kwose nezvinhu matiri, kuitira kuti tizoonza zvakanyatsojeka izvo Mwari vanoda kwatiri. Ndizvo zvati kutarisira nguva ino, rumutsiro pakati pevanhu.

<sup>11</sup> Zvino, mutsigiri wangu nemari, Hama Urshan, hama idzi pano, uye pamwe nevamwe vakagara kunze mukati umo. Zvino, ivo vashumiri vaMwari, vakangofanana neni kana vamwe vashumiri vese. Uye...

<sup>12</sup> Jesu akati, imwe nguva, “Humambo hweKudenga hwakafanana nemurume akatora mambure akaenda kudziva. Zvino paakakanda mambure mudziva, akaadhonzera kunze, zvino mukati imomo akawana mhando dzese-dzese.” Mumbure weVhangeri unobata mhando dzese-dzese, zvino, mhando dzose dzehove. Munoono, pamwe dzakanga dzakaita dzimwe dzacho dzaiva, tingati, aiva madzvinyu emumvura, dzimwe dzacho dzaiva nyoka, dzimwe dzacho mabuwebuwe, dzimwe kamba dzemumvura, ne—nezvimwe zvakadaro, uye dzimwe dzacho dzaiva hove chaidzo. Saka, hatizive zvatinobata mumambure, tiri kungokukudza.

<sup>13</sup> Uye zvino ndauya...Mambure maviri anosvika kumberi kupfuura rimwe, uye ndauya kuzoisawo mumbure wangu. Mumbure. Tinoridana kuti, kumusoro mberi kuChamhembe, *mumbure*. Zvino ndauya ku—kuzobatanidza mumbure wangu nemambure avo, mambure enyu. Uye ngatikandirei kurekure, sekure kwatingagona. Toisa mambure edu pamwe chete, nemooyo yedu pamwe chete, uye nekushingaira kwedu pamwe chete, uye ngatidhonzei, kuti tione kana muine hove idzo Tenzi vangashandisa. Zvino Ndiye Uyo Anotonga izvozvo. Hatizivi. Dzinoratidzika zvakafanana kwatiri. Dzinongobatwa mumambure. Asi Mwari vanoziva kuti ndivana ani, nekuvaziva kubva kumavambo. Saka isu tinongova varedzi, hatisi vatongi vanotongera kuti ndiani ari uye ndiani asiri. Tiri kungoredza, saka ndiri pano kukubatsirai.

<sup>14</sup> Uye zvino vhiki rino, namatai, endai parunhare, fonerai mumwe munhu, nekuvakoka kuchechi, kuno kunzvimbo inochengeterwa zvombo. Tinongova nenguva pfupi. Kuhuta-huta, zvinoita kuti vanhu vahute-hute apo wangosvika panguva yamunenge majairana, uye vanhu vadzikama, ndipo paunofanira kuenda kune imwe nzvimbo.

<sup>15</sup> Ndinogara kakawanda ndichida kuziva, dzimwe nguva, kana—kana ndikatadza, nerimwe ramazuva, ndichava netende ndouya muno muguta guru rakaita seiri ndorigadza, kuti tigogara mavhiki akawanda; zvino toita musanagano wevashumiri wemangwanani, nekusangana nevashumiri vose uye tigokurukura chinhu chacho.

<sup>16</sup> Uye ndinovimba kuti Ishe vanoropafadza kushingaira kwedu vhiki rino. Ndinovimba kuti hakuchazove nenhowo, kana hwiricheya, chero zvazviri, chinosaursa pano; kana munhu mumwe chete anorwara nedambudziko remoyo, TB, kenza; asi uyo Ishe Jesu vachapodza. Ndichange ndichinamata.

<sup>17</sup> Handishanye kazhinji, nekuti, munoziva, mhando yeshumiro iyi. Hazvisi kuti handidi kushanya. Asi ndezvekuti ini—ini—ini handikwanise kushumira Mwari uyezve munhu, panguva imwe chete. Ndinofanira kugara ndega ndonamata. Uye ndinenge ndichiitira imi izvozvo. Uye imi mochiita chimwe

chikamu chacho, kuuya pamwe chete nekuunza vanhu, nezvimwe zvakadaro, nekuunza varwere nevanotambudzwa; nekundinamatira, mumwe nemumwe ndinamatireiwo. Ndiwo makundiro atinoita.

<sup>18</sup> Zvino kungoisa nheyo pane zvatiri kuedza kuita. Isu, chekutanga, hatimiriri sangano ripi zvaro; hatisi kupikisa chero sangano, asi hatina chero ratinimirira. Tinomira . . .

<sup>19</sup> Ndakagadzwa hushumiri, muMissionary Baptist. Uye zvino ndakadzorera kadhi rangu rehuhengo, kwete kusayanana nehama dzangu, kungoitira kuti ndirege kuzomiririrwa pakati pemapoka api zvawo. Ndakauya mune vechiPentekosti, pandakaenda kunonamatira vanorwara uye ndakatumwa kuita saizvozvo. Ndakauya pakati pemaPentekosti, uye ndikaona, ndaifunga kuti paiva neboka rimwe chete ravo, asi ndakaona paiva nemapoka akawanda ikoko sezviri Baptisti, akasiyana-siyana. Saka nda—ndakaona vachiita gakava, zvino vaiita gakava muBaptisti, pamusoro peizvi, izvo, nezvimwewo, saka ndakangovasiya vachiita gakava.

<sup>20</sup> Zvino ndichaedza kuisa maoko edu akambundira munhu wose, uye toti, “Tiri hama tose. Ngatingoshumira Ishe.” Nerunziro shoma yandingagona kuva nayo, handiisi pane chero rimwe sangano, pana Kristu chete. Zvino ipapo isu . . . uye tinoedza kuMushumira nenzira iyoyo.

<sup>21</sup> Munhu wese anokokwa, zvisinei. Munhu wese anogamuchirwa. Chero chete muchizvibata nekuva makadzikama, handiti, munongogamuchirwa sezvamungava.

<sup>22</sup> Zvino, chimwe chinhu, ndemaitiro edu ekunamatira vanorwara. Zvino, zuva roga-roga, Hama Borders, kana Terry, kana Hama Sothmann, kana Billy Paul kana . . . Kazhinji, ndiBilly Paul. Ndiro basa rake. Zvino kana asingakwanisi kuuya pano, achange ari mumwe wevarume ava achapa makadhi ekunamatirwa zuva roga-roga. Vanoita saizvozvo; vanouya, vatora makadhi ekunamatirwa, zana rawo, voasanganisa ese, pamberi pemeso enyu chaipo, zvino vopa vanhu makadhi, vanoda rimwe. Zvino zuva roga-roga vanodaro. Kuitira kuti, patakatanga, takaona kuti waitofanirwa kuva nemakadhi ekunamatirwa. Haisi nhandare yemitambo, munoziva, kusundidzirana. Itori . . . Unofanira kuva nazvo muhurongwa.

<sup>23</sup> Uyezve takawana umwe munhu achiedza kutengesa makadhi ekunamatirwa, achivimbisa vanhu kuenda kumusoro, kupuratifomu. Zvino saka, izvozvo, ndokuzvimisa. Zvino ipapo ndakaisa mwanakomana wangu chaiye pane izvozvo, nekuti ndaiziva kuti haaitengesa rimwe.

<sup>24</sup> Zvino imwe pfungwa yakauya, “Ndipe kadhi rekunamatirwa rakati. Uchatangira papi kuvanamatira, husiku huno? Uye zvino ndicha—ndichanamata . . . Ndinoda kadhi rekunamatirwa rakati.” Saka, kuita kuti mukomana iyeye pave nechokwadi

chekuti, kwete, haazivi kuti mutsara wekunamatirwa iwowo unozotangira papi, anosanganisa makadhi acho, zvino obva akutambidzai. Haazive kuti nderipi raari kukutambidza. Anongokutambidza kadhi rekunamatirwa. Mumwe anogona kuwana nhamba potsi, mumwe owana makumi mashanu, uye— uyezve nezvakadaro.

<sup>25</sup> Uyezve kuzviwedzera pamusoro paizvozvo, ndinouya kuno husiku, zvino hapana munhu, uye handizivi, pachangu, pandichatangira kushevedzera makadhi ekunamatira iwayo. Ndinogona kutangira kubva pana potsi, uye ndinogona kutangira kubva pamakumi maviri nemashanu. Ndinogona kutangira kubva pamakumi manomwe nemashanu kana zana, uye ndoshanda ndichidzokera kumashure; gumi nenhanhatu, ndoenda kumberi uyezve ndodzoka kumashure. Chero munhu upi akambova mumusangano, anoziva kuti tinozviita nenzira iyoyo, kungodzokera kumashure nekuenda mberi, chero kupi.

<sup>26</sup> Uye, ipapo, mazuva ose. Pakutanga, taidzika zasi tonopa makadhi ekunamatirwa ose, zuva rekutanga; zvino chero vatsva vaiuya, vaitadza kuwana kadhi rekunamatirwa, zvaibva zvapera zvadaro, havainamatirwa munguva yemusangano. Asi zvino tinoagovera, zuva roga-roga, kuitira kuti chero ani anoda kadhi rekunamatirwa anogona kuriwana. Pamwe husiku humwe hatikwanise kuatora ose, asi, bata kadhi rako, tinosvika kwariri tisati taenda.

<sup>27</sup> Zvino, asi kune vazhinji, vakawanda vakapodzwa uko mugungano, vakawanda kudarika avo vakapodzwa kupfuura apo vari papuratifomu. Kutenda kwako ndiko kunopodza. Hausi munamoto wedu. Munamoto wedu unobatsira, hapana kupokana. Tinouya tose pamwe chete, tokunamatira, zvinobatsira. Uye kana . . .

<sup>28</sup> Uyezve neSvondo masikati, Ishe vachitendera, tichange tichinamatira munhu wese, tichitora makadhi ekunamatirwa nekunamatira vose; kana pamwe manheru eMugovera, mumwe, zvinoenderana nekuti ndiani mumwe wehama anoda kuti tizviite.

<sup>29</sup> Uye zvino tinoda kutaura izvi kuitira kuti munzwisise. Chikonzero ndamisa mutsara wekunamatirwa iwoyo, kusangana nemunhu wese, inyaya yekuti matendero angu, chinangwa changu—changu, ndeichi, chekuti vanhu vagamuchire Kristu semupodzi wavo pasina munhu aisa maoko pamusoro pavo.

<sup>30</sup> Kazhinji, unотора muvhangeri, ouya muguta, zvino, ndiye—ndiye zvese muचेchi. Paanoenda, dzimwe nguva unganoto tarisa mufudzi wayo, yoti, “Saka, chiiko nezvemufudzi wangu?” Ndinoda kuti muzive kuti mufudzi wenyu murume ane humwari, uye ndinoda kuti muve neruremekedzo nekuziva kuti murume iyeye akatogadzwa kunamatira vanorwara semunhu wese akagadzwa. Uye ti—tinoda kuti mu . . . uye—uye ne . . .

<sup>31</sup> Gara zviya, chinangwa chedu, kunyanya, ndechekuti muone Hupo hwaJesu Kristu, nekuziva kuti Ari pano. Uye ipapo, paunenge uri muHupo hwaKe, chingoMugamuchira seMuponesi wako neMupodzi wako. Kana usina kuponeswa, Mugamuchire seMuponesi. Kana wakaponeswa, uye usina kupodzwa, ipapo chiMugamuchira seMupodzi wako. Zvino hapana anozoti, “Hama *Nhingi-nhingi* vakaisa maoko avo pamusoro pangu.” Kwete. Wakaisa maoko paAri, zvino ndicho chinhu chikuru. Zvino ndinoda kuti muzviise mundangariro, nguva dzose. Ndimi muri kuisa enyu...muchiMubata. Uye Bhaibheri rakataura, kuti, “Ndiye Muprisita Mukuru anogona kubatwa nemanzwiro ehutera hwedu.” Uye zvino rangarirai kuti, ndimi muri kuMubata. Kwete...

<sup>32</sup> Mufudzi ane kodzero yekuisa maoko. Kuisa...Kwete mufudzi chete. “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda,” vatendi chete, chero munhu anogona kuisa maoko pamusoro pevanorwara, ane kodzero yekudaro. Kuzvibanidza nemunhu, mumunamato. Sekungoisa kwaunoita maoko ako, nekutenda, pana Kristu, wozvibanidza neChipiriso chako. Saka rangarirai izvozvo zvino apo—apo vhiki richienderera mberi, uye namatai makaperera.

<sup>33</sup> Zvino, ndinofunga kuti izvozvo zvinobata kwose zvino. Uye zvino husiku hwoga-hwoga tinoedza kubuda nguva dzichiripo, sekungokasika kwatingagona nako. Zvino, tiri kutanga zvino pamaminitsi makumi maviri namashanu kuzosvika paawa yepfumbamwe, newachi yangu. Uye kana Ishe vachitendera, tinoda kubuda husiku hwoga-hwoga nanine-thirty, kana kuti pamwe dzisati dzasvika, kuitira kuti munowana nguva yakakwana, kuenda kudzimba dzenyu nekudzoka. Zvino kana usina kunamatirwa, kana kuti usina kuchibata husiku hwokutanga...

<sup>34</sup> Shumiro yangu inogona kuita seisinganzwisisiki zvishoma kwauri. Asi kana isinganzwisisiki, rega kungoirasira kune rumwe rutivi. Gara pasi woifunga; tora Bhaibheri.Zvino, ndinotenda kuti Mwari anogona kuita zvinhu zvaAsina kumbonyora pano muBhaibheri, asi ndinoMuda ango... Kana Akangochengetedza zvaAkanyora *Pano*, ndichagutsikana nazvo.

<sup>35</sup> Nekuti, tiri kurarama mumazuva emhando dzose dzezvinhu zvinganzwisisiki, zvitevedzwa zvisiri mumagwaro. Asi, munoziva, mumazuva aNowa...Jesu akati, “Sezvazvaive mumazuva aNowa.” Munoziva, vanhu pamwe vaivaka zvikepe mumazuva iwawo, chero zvaiva zvakagadzirwa naMwari kana kuti kwete, asi hazvina kuyangarara apo nguva payakasvika yekuti chiyangarare. Saka ndinofarira kuti Mharidzo ive yakavakwa naMwari neMagwaro, Mharidzo yeMagwaro, uye ipapo naYo, zvinhu zvose neGwaro. IZVANJI NAJEHOVA, ipapo. Uye inotofanirwa kumira, nekuti, harisi shoko ranguru

raiswa pakubvunzwa, rinova Shoko raKe raiswa pakubvunzwa. Kuriunza kubva muGwaro!

<sup>36</sup> Zvino tiri mumwaka uri kushanduka. Tiri kushanduka zvino. Uye shanduko yoga-yoga, sezvakaita kuvaka chivakwa, unosvika pakona, unofanirwa kugadzira kona iyoyo, zvi—zvinoshamisa. Munhu wese anoda kumhanya akananga mberi chaiko achidzika; unozongova nemudhuri mumwe wakakura. Asi tiri kuvaka chivakwa. Uye tasvika pamakona, zvino unotofanirwa kushanduka, makona iwayo. SaHama Don Price zvakanaka kwazvo, ivo. . . uye vakanyatsozvitaura zvakanaka kasiri kare. Pashanduko idzodzo ndipo panouya dambudziko, apo pane. . . Zvakaoma pakona ipapo, kugadzira, kucheka kona iyoyo nekuigadzira zvakananyatsonaka.

Zvino tisati taverenga Shoko. . .

<sup>37</sup> Husiku hwoga-hwoga, Hama Borders ndivo mukuru vanoona nezvehurongwa hwemusangano, uye vanotaurawozve papuratifomu.

<sup>38</sup> Zvino Chiremba Lee Vayle vari pano pane imwe nzvimbo. Ndinofungidzira kuti vauya. Vakasangana neni muKentucky, ndichityaira mamaera makumi matatu muawa rimwe, ndichiedza kuti Ford ijairire pakutyairwa. Zvino saka, ndichidzika, ndakasangana navo. Uye ndivo murume we—wezvehukama neveruzhinji. Vachataura, ndinofungidzira, pamwewo mumusanagano, mamwe mazuva ose. Saka kana paine chero mibvunzo kana chimwe chinhu, handiti, bvunzai Hama Vayle, vachakwanisa kukubatsirai pamibvunzo iyi. Zvakanaka. Zvino apo tiri. . . [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]

<sup>39</sup> Tisati taverenga Shoko, ndine tsika yekuti tinomira patinoverenga Shoko raMwari. Tinomira patinoridza *The Star-Spangled Banner*, tichitsidza kuzvibatanidza, tadii tamira tichiverenga Shoko raMwari!

<sup>40</sup> Ndichaverenga husiku huno kubva muna VaHebheru, chitsauko 13, kutanga nendima 1.

*Rudo pakati pehama ngaruenderere mberi.*

*Musakanganwa kuitira vaeni rudo: nokuti vachidaro vamwe vakavaraidza vatumwa vasingazvizivi.*

*Fungai vakasungwa, sezvisungiso pamwe chete navo; naivo vanoitirwa zvakaipa, somunenge muri mumuwiri imiwo.*

*Wanano inoremekedzwa muna zvose, nenhowo isina kusvibiswa: nokuti Mwari uchatongesa mhombwe navanofeva.*

*Regai hurukuro dzenyu dzirege kuva neruchiva; uye mugutsikane nezvamunazvo: nokuti iye wakati, Handingatongokuregeri, handingatongokusiyi.*

*Naizvozvo tinotsunga moyo tichiti, Ishe ndiye mubatsiri wangu, handingatyi zvandingaitwa nemunhu.*

*Rangarirai avo vane...hutungamiriri pamusoro penyu, vaikuparidzirai shoko raMwari: mugotevera kutenda kwavo, muchicherechedza kuguma kwehurukuro dzavo.*

*Jesu Kristu mumwe chete zuro,...nhasi, nokusingaperi.*

<sup>41</sup> Ngatikotamisei misoro yedu kwechinguvana, tinamate. Zvino nemisoro yedu nemoyo yedu zvakakotamiswa, handingozi kana paine zvimwe zvikumbiro husiku huno, zvinoda kurangarirwa, mungasimudzawo here maoko enyu kuna Mwari, moti, naizvozvo, “Ndirangarirei, Oo Ishe.” Maita henyu.

<sup>42</sup> Baba vedu veKudenga, patava kusvika paChigaro Chenyu chaMwari, muZita rakazvikwanira muna zvose raIshe Jesu, Uyo akati, “Kana ukakumbira Baba chero chinhu muZita raNgu, uchazvipihwa.” Uye tinotenda zvikuru nekuda kwevimbiso iyoyo, tichizviziva, kuti kutenda kwedu kunomanikidzira kunze zvino kudarika mimvuri yose yekupokana, tichiziva kuti, nekutenda, tiri kutaura dungamunhu naMwari Samasimba. Nekuti, ivimbiso. Uye zvakare zvakanzi, “Chero panoungana vaviri kana vatatu muZita raNgu, ipapo Ndiripo pakati pavo.”

<sup>43</sup> Zvino mumwe nemumwe wedu ane chikumbiro, Ishe, sezvo tasimudza maoko edu kwaMuri. Munoziva zviri mumoyo medu, pasi peruoko rvedu. Zvino tinonamata kuti Muchatipindura, Ishe. Kwete nokuti tinokodzera mhinduro, asi nekuti Makavimbisa kupindura. Makati Munozvipa. Uye ndinoziva Munozozviita, nekuti Muri—Muri Mwari mukuru akasika matenga nenyika, uye Mutongi wezvose matenga nenyika. Zvino Mungataura chimwe chinhu here chaMusingagadzirise? Hazvina kudaro naMwari kuita zvakadaro. Chiri kushaikwa, kutenda kwedu kuti tizvitende.

<sup>44</sup> Zvino tinonamata, Ishe, kuti husiku huno hucha—huchasimudzira kutenda kwedu nekuhusundira kunze kune imwe nzvimbo yekuti tinofamba nako, Ishe, zvinopfuurira kunzwisisa. Zvokuti, hatizoedzi kuda kunzwisisa; tichangotenda. “Zvino kutenda ndirwo rubatso rwezvinhu zvatinotarisisira, uye humbowo hwezvinhu zvatisingaoni kana kuratidza.” Tinongozvitenda, uye zvi...Mwari vanoita kuti zviitike.

<sup>45</sup> Zvino tinonamata, Baba, kuti kuve, kuti—kuti Ngirozi dzaMwari dzimire pamukova woga-woga, uye nemutsara wose wezvigaro, uye pa—pachigaro choga-choga; dzigopomera vatadzi, kuti—kuti vatadzi, vaka—vakakanganisa, uye ngavagamuchire Ishe Jesu, ipapo. Neavo vasina kubhabhatidzwa



neMweya; dai Mweya Mutsvene waburuka apo tichiri kutaura, uye apo Hupo hwaKristu huri hwemazvirokwazvo. Zviitei, Ishe. Tinonamata kuti pasave kana nemunhu ane hutera pakati pedu. Dai munhu wese anopinda pamikova iyi, Ishe, anyatsofemerwa nekutenda kuti vozopodzwa, munhu wese.

<sup>46</sup> Ropafadzai vashumiri ava, Ishe, machechi aya munyika yose. Dai, nekuda kwekushingaira kukuru uku kwakaitwa nevanhu ava...Tiri vanhu vashoma, asi, zvakadaro, Ishe, tiri vanhu vakaperera uye nekuedza kubata Kutenda ikoko kwakambopihwa kuvatsvene, mukati merima. Dai kwauya rumutsiro rwakare, urwo, rwuchingotungira mumachechi kwese-kwese, uye vatsvene vane nzara vatange kudandzira, uye vatadzi vabarwe muHumambo hwaMwari, sevatsvene. Zviitei, Ishe. Ndicho chinangwa chedu. Ndizvo zviru mumoyo medu. Tiri kuedza kuita izvi kuitira kukudzwa Kwenyu, Ishe, nekuti tinoziva kuti hatisisina nguva yakareba yekuva pano.

<sup>47</sup> Tinoona nyika ichidedera nekubvunda zvakare, uye pamusi weChishanu Chakanaka, sezvayakaita makore churu chimwe nemazana mapfumbamwe apfuura pamusi weChishanu Chakanaka. Uye Makati pachava nekundengendeka munzvimbo dzakasiyana-siyana. Tinoona zviratidzo zvose zvichionekwa, zvino tinoziva kuti nguva yaswendera.

<sup>48</sup> Saka, Ishe, tinoda kushanda tichiri kukwanisa, nokuti, kana hupenyu hwapera, hatizoshandi zvakare. Uye tinonamata, Baba veKudenga, kuti tichaisa kushingaira kwedu panguva ino. Zvino kana musangano wava nhoroondo, ngativei vanonzwa kuti takaita zvakanyakisisa nepatinogona napo. Zviitei, Ishe. Ropafadzai hama dzangu, kwese-kwese. Ropafadzai vose zvino vachauya mumusangano, neavo vachanzwa. Nokuti tinozvikumbira nemuZita raJesusu. Amen.

Munogona kugara pasi. Maita henyu, hama.

<sup>49</sup> Ndinoda kutora musoro wechidzidzo husiku huno, kana ndingaudana kuti musoro wechidzidzo, kakutaura kemazuva ose, uye uchinzi, Jesu...Kristu, waro, anoratidzwa mumazera ose. Nemamwe mashoko: *Kuratidzwa KwaKristu Mumazera Ose*.

<sup>50</sup> Nekuti, VaHebheru 13:8 yakati, “Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi.” Uye tinoda ku—kuona, kuti munguva dzakare, zvaAiva. Zvino, tinotaura zvakanyanya pamusoro paKe, zvino ndizvo zvatavinga pano kuzoita zvino kutaura pamusoro paKe. Uye zvino, kana Ari mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi, uye—uye kana Akaonekwa nekuzivikanwa mumazuva ekumashure, ko saka sei tisiri nhasi? Kana Aionekwa nekuzivikanwa, nekuratidzwa mumazuva akare, saka sei tisiri kuita zvimwe chete nhasi?

<sup>51</sup> Tinoona, Munhu mukuru uyu, hapana vaigona kunzwa pamusoro paKe ivo—ivo vakasada kuziva zvimwe zvakawanda

pamusoro paKe. Pane chimwe chinhu pamusoro paKe! Zita iroro raJesu Kristu, hakuna rimwe zita, kune imwe nzvimbo, rinokwezva vanhu zvakadaro. Pane chimwe chinhu pamusoro paRo!

<sup>52</sup> Munhu, ari, anoziva kuti anobva mhiri. Zvino pane chidzitiro chemumvuri mutema chakaremba pakati pake nekwaaiwa ari asati auya pano, uye anoziva kuti anofanira kuenda kuseri kwechidzitiro ichocho. Zvino anogara achida kuziva kwaakabva, zvaari, uye nekwaari kuenda. Tine mamiriyoni emabhuku akanyorwa, ndinofunga sekudaro, pamusoro penyaya iyoyi. Asi pane Bhuku rimwe chete roga, uye ndiro re... Rine maduku emukati makumi matanhatu nematanhatu maRiri, rinogona kukuudza kwaunobva, zvaari, nekwaari kuenda, zvino ndiro Bhaibheri rino. IShoko rinokuudza kwaunobva, zvaari, nekwaari kuenda.

<sup>53</sup> Vanhu vakawanda vane pfungwa dzakawandisa dzakasiyana-siyana pamusoro paKristu, uye kunyanya muzuva rino ratinano zvino.

Tine vamwe vavo vanoMuona semudzidzisi mukuru chete.

<sup>54</sup> Uye, ndizvo zvaAiva, asi Aiva akapfuurira kuva mudzidzisi mukuru. Maona? Ndizvo zvaAiva. Hakuna kana munhu aitura saYe, asi Aiva akapfuurira kungova mudzidzisi mukuru. Asi zvinoita sekunge ndiyo zivo yedzidzo huru pakati pemachechi mazhinji nhasi, kungoMuona semudzidzisi, asina kumbodzidzisa saYe kumashure. “Anongova munhu wakare wenhorondo mukuru, anoshamisa, kana mudzidzisi, waro, wemumazuva akapfuura. Kudzidzisa Kwake kwakanaka, uye unogona kutenda chikamu chacho, asi chimwe chikamu chacho haukwani. Asi Aiva ari muzvina-zivo chaiye!” Nemamwe mashoko, vanoMuona zvakaita sekunge Confucius, muzvina-zivo we—wekuChina wemakore mazana mazhinji akapfuura. Zvino, Aipfuurira kuva mudzidzisi. Ano—Anopfuurira kuva izvozo.

Zvino vamwe, zvaAri, vanofunga nezvaKe achingova murume akanaka.

<sup>55</sup> Saka, Iye, Aiva Murume akanaka. Aiva Murume akanaka oga watakambova naye, aiva Iye. Paifanirwa kuva neMurume akanaka mumwe chete kutifira isu vanhu vakaipa, kuti—kuti atiite vakanaka, kwete nekukodzera kwedu; izvo zvakaitwa neMurume mumwe chete akanaka, kudzikinura mhomho yedu yose, munoona.

<sup>56</sup> Zvino hunozova hupenzi hwakadii, mushure menzira yoga imwe chete yerudzikinuro, uye chirongwa chimwe chete choga chakagadzirwa, wobva wazviramba. Chinozova chi—chinhu chohupenzi chaungaita, kuramba nzira yoga, chirongwa choga; ndiMwari, chirongwa chaMwari. Pane humwe hurongwa hwakawanda; asi Mwari ane chirongwa, zvino chirongwa

ichocho chiri kuburikidza naJesu Kristu, uye naIye oga. Hazvisi zvekuburikidza nechero mamwe maitiro, chero maitiro ezvedzidzo kana chero maitiro emasangano, kana chimwe chinhu. Zvinova kuburikidza naJesu Kristu, uye naYe chete. Ndicho chirongwa chaMwari chemuna Ziyendanakuenda, kuburikidza naYe. Mwari anoita nguva dzese zvinhu nenzira imwe chete. Haashanduke panzira Yake yekuzviita.

Zvino tinoona kuti vamwe vanoti, “Aiva muporofita.”

<sup>57</sup> Uye, Aiva, muporofita, asi Aipfuurira kungova muporofita. Aiva muporofita, nezvimwe zvakatutsirwa pamusoro. Zvino kwakamboita vaporofita vakawanda. Vaporofita vose vakafira pasuwo rerufu, asi Murume yu akatora makiyi, “rufu, gehena, guva,” sekuita kwakaita Samusoni masuwo eGaza, akaabvisa; ndokutora rumborera nerufu pacharwo, rwukamedzwa mukukunda, ndokumuka zvakare pazuva retatu, mukukunda, anoita vatendi vaKe vakundi nekupfuurira. Zvakatokundwa kare. Hapana chimwe chasara chekuita kunze kwekufamba takananga mberi tichipinda nerwiyo rwevakundi mumoyo medu. Ndiye wacho Mukundi mukuru, zvino Munhu mukuru yu aipfuurira kuva muporofita.

<sup>58</sup> Zvino, vaporofita vaiva varume vakuru. Ti—tinozviziva izvozvo. Shoko raShe rakauya kuvaporofita; uye rinouya kwavari, uye nekwavari chete. Zvino tinoona kuti ndiro Gwaro, zvaRinotaura. “Hapana chaAnoita kunze kwekunge Ataurira varanda vake, vaporofita, kutanga.” Uye vaive vanhu vakuru, asi Murume yu aipfuurira kuva muporofita.

<sup>59</sup> Zvino tinoona, ipapo, vanhu vazhinji vanofunga kuti Aiva murongi wechechi, ogadzira . . . aiva murume mukuru ane njere huru, uye ndokuronga machechi, achiziva kuaisa pamwe chete.

<sup>60</sup> Ndakanzwa muprisita achitaura, kasiri kare, akati, “Jesu Kristu akaronga chechi yekutanga yeRoma, uye Anofanira kuziva maitirwo azvo.”

<sup>61</sup> Zvino, Chechi haina kumbobvira yakaitwa sangano, uye haIna kumbobvira yakatangira kuRome. Yakatangira muJerusarema, paZuva rePentekosti, zvino kwete kuNicaea, Rome. Uye Iyo . . . Zvino Jesu haana chaakaronga. Iye, chinhu choga chaAkaita, kwaiva kudana. Haumbozviiti, hauna kuitwa sangano kuna Kristu; wakabarwa muHumambo hwaMwari.

<sup>62</sup> Nda—ndakapfuura zuva rangu rekuberekwa, Muvhuro wakapfuura, zvino ndaiva nemakore makumi mashanu nemashanu ekuberekwa. Uye munoziva, mhuri yekwaBranham haina kumbondikumbira kujoina mhuri. Ndakaberekwa ndiri wekwaBranham.

<sup>63</sup> Zvino ndozvatiri Makristu. Takangobarwa tiri Makristu, neSimba rerumuko rwaJesu Kristu. Uye tiri Makristu nekuberekwa. Izvozvo, zvinotiita zvisikwa zvitsva. Muhunhu hwedu hwakare, hataikwanisa kuva maKristu. Ndicho

chikonzero, nhasi, tiine vakawanda vanozvidana kuti maKristu, vachirarama mhando yese-yese yehupenyu; havana kumbobvira vasanga-. . . havana kumbobvira vasangana nekubarwa patsva, Chimwe chinhu ichocho chinokushandura, ndicho chinoburitsa hupenyu. Sekuburitsa ropa kubva mumunhu, ane imwe mhando yeropa, wobva waisa imwe mhando maari. Kuburitsa hupenyu hutsaru kubva mumunhu, nekuisa Hupenyu hwaKristu mumutendi, zvino anobva ava chisikwa chitsva. Ave chisikwa chitsva.

<sup>64</sup> Zvino nzira yoga yatingaziva, nekuita kuti vanhu vose vagutsikane. . .

<sup>65</sup> Kana ndaibvunza ma—maPentekosti, husiku huno, kuti chii chamunofunga kuti Anofanira kuva? Vaida “kuti Ave muPentekosti.” Kana ndaibvunza ve—veUnited Brethren zvaAnofanira; “Handiti, Aiva muUnited Brethren.” Kana ndikabvunza veMethodisti; “Handiti, Aiva muMethodisti.” VeBaptisti, nevamwe vakadaro.

<sup>66</sup> Asi zvino panongori nenzira imwe chete ye—yekugutsa izvozvvo, nekuzviita nenzira yeMagwaro. Zvino tinoda kuti nguva dzose, papuratifomu ino, tinge tichinyatsoenderana neGwaro; kana zvisiri izvo, unosungirwa kuuya kwandiri u—undigadzirise. Zvino, zvinoda kuva muMagwaro.

<sup>67</sup> Saka nzira chete yekuziva zvaAri nhasi, ndeyekuona zvaAiva. Maona? Kuti, Akati, “Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi.” Kana tikaona zvaAiva, saka Anotofanirwa kuva mumwe chete nhasi, nekuti haAshanduki. Bhaibheri rinoti, “Ndiye mumwe chete,” m-u-m-w-e-c-h-e-t-e, “mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi.”

<sup>68</sup> Zvino muna Johani Wekutanga, kana Mutsvene Johani chitsauka 1, tinoona. Hezvinoi zvakataurwa nemunyori, akafemerwa neMweya Mutsvene, akanyora izvi. “Pakutanga Shoko rakanga riripo, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko raiva Mwari. Uye Shoko rakaitwa nyama rikagara pakati pedu.”

<sup>69</sup> Ndingazviisewo here muzvikamu zvacho? “Pakutanga kwaivapo wemuna Ziyendanakuyenda.” Akange asitombove Mwari. Mwari, izwi redu reChirungu rekuti *mwari*, chiri—chiri “chinhu chinonamatwa.” Asi, Iye, pakanga pasina chinhu chaizoMunamata. Aingova wemuna Ziyendanakuenda.

<sup>70</sup> Maari maiva nezvizenga. Chero munhu anoziva kuti chizenga chii. Nemamwe mashoko, maAri maive nepfungwa dzaKe, dzingori pfungwa chete, ndicho chizenga Chake. Kwozoti, Shoko raKe. Zvino pfu—pfungwa, yataurwa, iShoko. “Pakutanga Shoko rakanga riripo.” Risati ratombotaurwa, raiva pfungwa, zvizenga.

<sup>71</sup> Mukufunga uku, Aifanira kuva Mwari. Pamwe akasika Ngirozi, kutanga, ndokubva Anamatwa. Aiva Mwari.

<sup>72</sup> Uye, zvino, maAri maiva nehunhu hwekuva Baba, kuva Mwanakomana, kuva Muponesi. Paive pasina chakarasika; chimwe chinhu chaifanira kurasika, saka paifanira kuva nenzira yakagadzirirwa izvozvo. Kuva Mupodzi; paiva pasina chairwara, saka Akava nechimwe chinhu chaifanira kuti chirware kuitira kuti Agochipodza. Zviri kuratidza chete zvizenga zvaKe.

<sup>73</sup> Uye zvino, rangarirai, kana wakamboita, kana kuzombowana Hupenyu Husingapere, waiva naHwo naYe ikoko. Munoono, waiva naHwo naYe. Nekuti, Jesu akauya, uye Jesu aiva Mudzikinuri. *Kudzikinura* chero chinhu, ndiko, “kuchidzoserera pakare” kubva pachanga chakawa kana kuti kwachanga chaenda. *Chidzikinura*, “chidzose pakare.” Zvino iwe, kutaridzika kwako, zvauri, iwe, kuti zita rako ndiani, kwaiva kufunga kwaMwari nheyo dzenyika dzisati dzavepo. Zvino Jesu haana kuuya kuzoponesa chinhu chose; Aida kudaro, asi Akauya kuzodzikinura, kudzosa avo vaiva mupfungwa dzaKe mavambo asati avapo.

<sup>74</sup> Ndokusaka, Aiva Shoko rakaitwa nyama. Maona? “Mwari vaiva muna Kristu, achiyananisa nyika kwaAri.” Shoko, pfungwa dzaMwari dzekuti Aizozviita sei, Akazviratidza pachaKe muna Jesu Kristu. Aiva Mwari achiva zvinobatika.

<sup>75</sup> Zvino, pauri ipapo zvino, unofanira kufa, nekuti uchiri... Zvakaita sekutora mufananidzo. Iwe uri negativhi. Negativhi rose haro rinofanirwa kuiswa mukamuri ine rima, nemumishonga, kugadzira mufanidzo wacho, kukuita kuti uwone zvauri. Tave zvino mumufananidzo waKe wakaratidzwa. Inegativhi rakatorwa, tiri hupenyu hwemunhu. Asi tinofanira kupinda mukamuri ine rima, zasi muguva, kuti tipinde mukugadzirwa, kuti tizodzoka zvakare tiri mumufananidzo; oo, ini zvangu, kuita wechidiki nekusingaperi, kuchembera kwose nekwise kure- . . . kuremara nezvose zvichabviswa.

<sup>76</sup> Zvadaro takadzikinurwa, zvizenga zvaMwari, zvakare. Mwari, zvinobatika, naKristu ari muChechi; sezvakaita murume nemudzimai wake, ndizvozvo, Kristu neMwenga. Nekuti, zvinodzikinura zvakare, kufunga kwaKe, zvino kufunga kwaKe kunobva kwaratidzwa.

<sup>77</sup> Zvino unoti, “Zvakatora nguva yakareba.” Kwete kuna Mwari. Tine mughanhu. Tinofanira kuti tikurumidze.

<sup>78</sup> Ndaifunga. Pandakabva kuJeffersonville, ndichityaira mamaera makumi matatu muawa imwe, Ndakatyaira ndichidzika kuBirmingham muzuva rimwe nechikamu chidiki chehusiku, ndikafunga kuti hazvina kureva zvakanyanya kwandiri. Asi ko dai svosve diki raiyedza kumhanya ipapo? Zvine zvazvaizoreva kwariri! Munoono, haraikwanisa kuzviita muzviuru zvehupenyu. Asi hazvina kureva chinhu kwandiri, kunyanya kwandiri. Ko ndege? Ko jeti? Kobva kwati, chitundumuseremuserere? Saka, ko Mwari?

<sup>79</sup> Munooona, Jesu akarovererwa nezuro masikati, munguva yaMwari, ndokunge dai Aive nenguva. “Chiuru chemakore chakangoita sezuva rimwe chete naMwari, tingati.” Hazvina kana kumbodaro. Kungoti, “tongoti, zuva rimwe.” Saka rino harisati ratombova vhiki, kana ukada kuverenga nguva kwaAri, yose kubvira pakutanga kwezvisikwa, zvichigadzirika.

<sup>80</sup> Mwari nePfungwa Dzavo, dzichisvika pakuva dzinobatika, zvino zvinotiunza tiine Hupenyu Husingapere. Zvino Hupenyu Husingapere, pane mhando imwe chete yaHwo, anova Mwari. Zvino ipapo ndiMwari vari kuratidzwa muChechi maVo, saMwari vachiratidzwa muMwanakomana vaVo. NdiMwari mumwe chete nguva dzose. Mwari pamusoro pedu; Mwari vanesu; Mwari vari matiri; kungodzosa chinhu chacho chose zvakare.

Zvino, “Pakutanga kwaiva neShoko.”

<sup>81</sup> Zvino kana taizotaura pamusoro peuyo achatonga nyika, handiti, ungadai, mumwe munhu aiti...Ndakanzwa munhu wechiKatorike, akati, “Mwari vachatonga nyika nechechi yeKatorike.” Kana Akadaro, chechi yeKatorike ipi yacho? Munooona, vane akawanda akasiyana-siyana avo. VechiOrthodox, vechiGiriki, kana vechiRoma, kana chero, munooona, ndeipi yacho chechi yeKatorike yaVachatonga nayo nyika? Saka, kana Vakaitonga nechechi yeKatorike, zvino maProtestanti haaverengerwe. Kana Vakaitonga nechechi yechiProtestanti, zvino maKatorike haaverengerwe. Kana Vakaitonga neMethodisti, maBaptisti haaverengerwe. Saka, unoti, “Imbomirai zvishoma, vese havo...” Oo, kwete.

<sup>82</sup> Rangarirai, pakutanga, ichocho, choga chakachengetedzwa, icho cha...icho Mwari akapa kuna Adhama naEvha, kwaiva kugara seri kweShoko raKe. Uye kwete kungo...Satani haana kusate-...haana kuudza mudzimai kuti haRina kudaro. Akangotaura zvisizvo kachidimbu kadiki kaRo. Zvino kana kachidimbu koga kakakonzera dambudziko rose iri, hurwere, nekurwadziswa kwemoyo, uye kusuwa, kachidimbu kadiki kanotigarisa kunze kwaRo.

<sup>83</sup> Mwari havatongi nyika nechero rimwe boka haro. Vachatonga nyika naJesu Kristu, uye Kristu ndiye Shoko. Ndiye Shoko. “Pakutanga kwaiva neShoko, Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko raiva Mwari. Zvino Shoko rakaitwa nyama rikagara pakati pedu.” Saka ndiYe Shoko raMwari rakaratidzwa muzera rega-rega. AnoMuita mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi.

<sup>84</sup> Vakazvizivisa pachaVo, pakutanga, nevaporofita. Zvino, rangarirai, vaporofita ndivo avo Ishe vavanotaura kuburikidza navo. Uye—uye zvino cherechedzai, Vakazvizivisa pachaVo vari muvanhu, kubva kumavambo, kubva pakutanga chaiko kwenguva.

<sup>85</sup> Vanogara vaine nzira yekuita zvinhu, uye haVashanduki panzira yaVo. Ndiicho chikonzero ndichikwanisa kutenda Shoko raVo. Kana Mwari vakambodanwa panzvimbo kuita chimwe chiito; uye sarudzo iyo Mwari vakaita apo Vakadanwa panzvimbo, Vanofanirwa kuita zvimwe chete nguva dzose dzaVanodanwa panzvimbo, kana kuti Vakaita zvisizvo pekutanga. Zvikaitika kuti, kana Vakadanwa kuponesa munhu, Vakamuponesa pane humwe hwaro; uye kana Vakazodanwa kuponesa mumwe munhu, Vanofanira kuita nenzira imwe chete yaVakaita pekutanga, kana kuti Vakazviita zvisizvo paVakazviita nenzira yekutanga. Kana Vakambodanwa panzvimbo kuzopodza munhu, uye Vakamupodza pahwaro hwechimwe chinhu; kana Vakazodanwa zvakare kuzopodza, Vanofanira kupodza pahwaro humwe chete, kana kuti Vakaita zvisizvo. Uye haVagumirwe, vari kwese-kwese, vanoziva zvose. Ndi—NdiMwari vasina magumo, saka haVashanduki.

<sup>86</sup> Zvino, isu tine muganhu. Tinogona kutaura kuti *izvi* ndizvo, nhasi, mangwana tinogona kuona chimwe chinhu chakasiyana. Tinogona kuva zviri nani. Tine dziri nani, kuvaka dzimba dziri nani kupfuura zvataiita makore zana apfuura. Tine mota dziri nani kupfuura dzataiva nadzo makore makumi maviri apfuura, uye tine zvifambiso zviri nani, nechero zvimwezve zvakare zvaungada kupinda mazviri. Tiri nani nekuti tiri kudzidza.

<sup>87</sup> Asi Mwari havana kudaro, nekuti Vakakwana, kubva pakutanga. Naizvozvo, iVo neShoko raVo vamwe chete, saka Shoko raVo rakakwana. Kana usingatendi izvozvo, usambofa wakauya mumutsara wekunamatiwa, nekuti ndihwo hwaro hwoga hwekuti uzogona kugamuchira zvese-zvese. Kutenda kunogotora kuzorora kwako pane chinhu chakuine chokwadi nacho, uye kutenda chaiko kwechokwadi kunozorora pachako paDombo reKusingaperi reShoko raMwari reKusingaperi. Harizungunuki. Rinogara ipapo, zvisinei. Taura pamusoro pedombo reGibraltar? Ndiro Dombo reMazera rakunomira pariri. Shoko harigone kushanduka, uye kutenda kunozorora pamusoro paRo. Vakati, “Denga nenyika zvichapfuura, asi Mashoko aNgu haangatokundiki.” Varume nevakadzi vakambosvika pakuva chimwe chinhu, vaiva varume nevakadzi vaitenda izvozvo kuva zviri Chokwadi. Zvino ndicho Chokwadi. Iye, Shoko, ndiye Chokwadi.

<sup>88</sup> Zvino tinoona kuti Ivo, pakutanga, Mwari vakapa Shoko rine humwe huwandu kuzera roga-roga, kuzera roga—roga. Uye ipapo Shoko iroro rasvika panguva yekuti Rizarurwe... Musapotse izvi. Pakazosvika nguva yekuti Shoko iroro rizarurwe, kazhinji munhu aiva naro akarivhiringidza, kusvikira Vazouya kumuporofita. Nzverai Magwaro. Maona? Zvino rangarirai, Mwari vasingashanduki, haVagone kushandura nzira dzaVo. Vanofanira nguva dzose kuzviita zvimwe chete, pasina kushanduka.

<sup>89</sup> Regai ndimbokupai muenzaniso mumwe chete. Munhu paakawa, akatadza, uye Mwari vakadanwa, kumukandira mukutongwa kana kumugadzirira nzira yekupunyuka nayo. Zvino, Mwari, mubindu reEdheni, vakagadzira chirongwa chimwe chete chekuponesa nacho munhu, nzira imwe chete, uye zvaiva kuburikidza neRopa rakadeurwa rechinhu chisina mhosva. Havana kubvira vazvishandura. Takaedza kuvaka maguta, nharire, kudzidzisa, kuita sangano, asi zvose zvakakundikana. Mwari vanogona bedzi kusangana nemunhu pasi peRopa reUyo asina mhosva. Vakazviita mubindu reEdheni, uye Havana kumbozvishandura.

<sup>90</sup> Zvino Mwari havamboshanduri nzira dzaVo. Ivo, kana Vakadaro, saka Vanogumirwa sezvandiri, zvauro. Tinoti, “Saka, ndanga ndakanganisa apo, asi ndi—ndichaita zvakanaka nguva ino.” Kwete Mwari. Vakarurama kubvira pakutanga. Hapana chavanofanira kushandura. Vakaita vimbiso, uye iVo ndiMwari, Vanomira nayo.

<sup>91</sup> SaAbrahama, akava nechokwadi chekuti Mwari vaikwanisa kuchengetedza chinhu chose chaVakavimbisa, saka akadana chero chinhu chaipesana neShoko sekunge chisipo. Akaramba achingoenderera mberi zvimwe chete, achipesana nezvesainzi, humbowo hwesainzi, uye nekupesana nekufunganya, achipesana netariro, achipesana nezvese zvaivepo. Shoko raMwari rinouya pokutanga. Abrahama akati, “Zvimwe zvese ngazvive zvisizvo.” Akanga ari kuzova nemwana wacho, zvakadaro. Uye saka akazova naye, maona, nekuti akazvitenda.

<sup>92</sup> Zvino tinoona, ipapo, kuti Mwari vasingashanduki vanogara vachiita zvimwe chete. Zvino cherechedzai, kwechinguvana, munhorondo yenguva. Handei neni zvino, kwemaminitsi mashoma chete anotevera. Ngatidzokerei tinoona.

<sup>93</sup> Pakutanga Vakataura kuvaporofita, uye Shoko raJehovha raiuya kumuporofita. Zvino muporofita, achikwanisa kufanotaura, kuziva zvinhu, uye zvaitika saizvozvo, zvaiva kuratidzwa kwake. Muporofita, *muoni*, zvinoreva, “uyo anofanotaura kana anotaura zviri mberi,” uye zvakare ari “mududziri waMwari weShoko rakanyorwa.” Chero munhu anozviza, anoziva kuti muporofita zvinorevei.

<sup>94</sup> Zvino izwi reChirungu, *muporofita*, m-u-p-o-r-o-f-i-t-a, zvinoreva kuti, “muparidzi,” chero munhu anoparidza.

<sup>95</sup> Asi muoni weTestamende Yakare, waidanwa kunzi muporofita, ndiye aifanoona zvinhu. Akati, “Kana paine munhu pakati penyura anova wemweya, kana muporofita, Ini Jehovha ndichaZvizivisa kwaari. Uye kana zvaanotaura zvikaaitika, munzwei; asi zvikasaitika, musateereri muporofita iyeye, munoona, nekuti ari kuporofita zvenhema. Asi kana Ndikamutuma, zvichava kuratidzwa Kwangu, zvaanotaura zvinoitika. Akaberekwa munyika, akagadzwa, akafanogadzwa



naMwari kuita izvozvo.” Nekuti, “Zvipo zvose nekudanwa hazvinei nekutendeuka.” Zvakafanogadzwa naMwari.

<sup>96</sup> Nyika isati yavapo, Vaiziva zvose pamusoro pazvo. Aiziva inda yoga-yoga, nhunzi yoga-yoga, uye nekuti inogadzira mafuta akawanda zvakadini, uye nekuti inobwaira maziso ayo kangani. Ndiko—ndiko kusava nemagumo, munoona, kusava nemagumo. Ndokungo... Kana zvisirizvo, saka vanogumirwa. Vaiziva zvose. Uye Vano... Vane zvese-zvi uye nekuziva zvose. Nekuti Vari kwese-kwese, zvinoita... Kuziva zvose kunoVaita uyo ari kwese-kwese. Vanoziva zvose, vakazviva nyika isati yavapo.

<sup>97</sup> Vakaziva, nyika isati yavapo, taizogara pano. Vaiziva kuti kangani kandaizosimudza nekudzikisa maoko angu. Zvino Vaiziva mashoko andaizotaura. Vaiziva kuti kangani kawaizobwaira maziso ako, zvauchafunga, nyika isati yatombvapo. Tiri kutya chiiko? Mwari ndivo Baba vedu. Ndizvozvo. Ndivo Baba vedu. Hatinetseke. Vanhu vangorasikirwa nekutenda kwavo neruvimbo maVari.

<sup>98</sup> Uye tinoona kuti zvinoramba zvichingodaro kwemwaka mizhinji, uye zvakare pane Mashoko ayo Mwari vakataura kuti achazoitika. Uye zvino vose ndokutanga kupinda mukuvhiringika; zvino ipapo Mwari vanobva vatitumira muporofita panzvimbo, zvino muporofita iyeye anosimbisa Shoko iroro rezera iroro, nguva dzose. Endai muMazera eChechi, izvo zvatnofanira kuva nazvo, muone kana musingaone mumufananidzo varume ivavo mukufamba nemuMazera eChechi sekuvaona kwatinoita, kubvira pane va—vaapostori. Zvino cherechedzai izvi, zvakare.

<sup>99</sup> Mwari vakataura kuna Noa, uye aiva muporofita, akamuudza pamusoro pezvaizouya. Akaporofita, zvikaitika.

<sup>100</sup> Zvino pakazouya Josefa. Josefa, muenzaniso wakakwana, aiva Kristu muna Josefa. Handiti, mukacherechedza, aidiwa nababa vake, achizvidzwa nevakoma vake, nekuti aiva muoni. Vaimuvenga, pasina chikonzero. Murume akanga asina zvaaigna kuita, zvaaiwa ndizvo zvaaiwa. Zvino vamwe vakoma vake vaimuvenga, muenzaniso wakanyanya kunaka wamazera ose. Nguva dzose, kana muoni asvika panzvimbo, vamwe vose vanomuvenga, nekuda kwechikonzero chimwe chete chavakaitira Josefa. Hapana zvaaigna kuita nezvazvo. Aka-... Aikwanisa kududzira hope dzavo; haana kumbobvira akanganisa. Aka—akafanotaura zvinhu; haana kumbobvira akanganisa. Zvino vakoma vake vakamuvenga, pasina chikonzero.

<sup>101</sup> Uye, cherechedzi, hupenyu hwake hwakaratidza Kristu kwatiri, nemazvo. Akatengeswa, potse-potse, nemasirivheri makumi matatu, akabuditswa kubva mugomba; uye akagara kuruwoko rwerudyi rwaFarao, mutongi wepasi rose muzuva

iroro. Uye nguva dzose dzaaibuda mumuzinda, vairidza hwamanda, zvino voti, “Ibvi rose pfugama, nekuti Josefa ari kuuya.” Mufananidzo wakakwana waKristu muMireniyamu; apo hwamanda inorira uye...Achauya, uye ibvi rose richapfugama nerurimi rwose rwuchapupura kwaAri.

<sup>102</sup> Tarirai, mutirongo rake, aiva muporofita. Ndipo paakatengeswa akaiswa mutirongo, nekuda kwemudzimai waPotifari. Zvino tinoona kuti imomo mutengesi wenyama uye nemubiki wechingwa, vose vari vaviri vakarota hope, zvino akadudzira hope, zvino mumwe akarasika uye mumwe akaponeswa. Ndizvo zvakaitwa naJesu pamuchinjikwa, chaizvo; mumwe akarasika, mumwe akaponeswa, paAiva mutirongo raKe, akabairirwa paMuchinjikwa. Ungori muenzaniso wakakwana.

<sup>103</sup> Tinoona kuti apo Mosesi paakauya panzvimbo zvino, zvino, Mosesi haaigona kuuya mumweya mumwe chete kana nenzira imwe chete, aine mharidzo imwe chete iyo—iyo yaiva naNoa, raiva rimwe zera, kuzadzisa rimwe Shoko. Mwari vakati, “Mbeu yako ichagara munyika yehutorwa, ichava mu—muranda kwemakore mazana mana, zvararo Ndichavaburitsa neruoko rwune simba.”

<sup>104</sup> Asi Mosesi paakadanwa, zvakatora makore makumi mana ekudzidziswa, kwozoti makore makumi mana ekuzvibuditsa zvole maari zvakare, ndokubva Mwari vamudana neChiedza chemweya, Shongwe yeMoto yaive yakazorora mugwenzi raipfuta. Zvino akaziva zvakawanda pamusoro paMwari, mumaminitsi mashanu, kupfuura zvaakadzidza mumakore makumi mana, nekuti aiva muHupo hwaVo.

<sup>105</sup> Ndizvo izvo ini...Kana munhu ari muHupo hwaMwari, ipapo anoziva chimwe chinhu. Anoziva chimwe chinhu, kwete...Haakwanise kuzvidzidza mumabhuku, haukwanisi kudzidza Mwari nemabhuku. Dzidzo to...Unoti, “Ndiye D.D.D., Ph.D.” Izvozvo zvinobva zvamuenendesawo zvakadaro kubva pana Mwari, kwandiri. Haungaziva Mwari nedzidzo, unoziva Mwari nekutenda, uye unoVatenda. Ndiwo maziviro aunoita Mwari.

<sup>106</sup> Uye, zvakadaro, ndokusaka ndichifunga kuti misangano yedu, muHupo hwaMwari weHumwari, hunofanira, kusimudzira kutenda kwevanhu kuti vazive kuti hazvinei nezvinotaurwa nesainzi, kana zvingataurwa neasingatendi, Kristu akatumwa kwamuri, vatendi, mune kodzero yekufadzwa nekuyanana naYe nemaropafadzo aKe, zvole zvaAkafira. Hezvoka izvo.

<sup>107</sup> Hakuna munhu ane kodzero yekuparidza Vhangeri kusvikira apfugama pajecha iroro rakayereswa seri uko muHupo hweShongwe yeMoto, uye ndokunzwa Izwi raMwari richitaura kwaari. Munoziva, zvinamato nhasi zvinogona

kuzvishaisa basa netsanangudzo, “Zvino *izvi* zvakaitika, uye iZvo zvakapfuura. Zvino iZvi zvaiva zverimwe zera, *neizvi*.” Asi munhu akambosangana naMwari, chiso nechiso, uye akataura naYe, hakuna wesainzi kana dhimoni, kana chero chimwe chinhu hacho, chinogona kuuya panzvimbo iyoyo yakayereswa. Aivapo paakasangana naMwari, uye anoziva zvaari kutaura pamusoro pazvo, uye haadi mumwe munhu zvakare kuti ayedze kumutaurira.

<sup>108</sup> Mwari vachitaura mumazera, kuburikidza nevaporofita Vavo, vachiZviratidza nguva yoga-yoga muzera iroro rinenge rauya.

<sup>109</sup> Zvino kwakazouya Jesu weNazareta. Aiva muporofitawo, zvakare. Bhaibheri rakati Achava. Dheuteronomio 18:15, Mosesi akati, “Jehovha Mwari wenyu vachasimudza muporofita akafanana neni, uye vanhu vachanzwa kwaari.”

<sup>110</sup> Zvino cherechedzai zera roga-roga, Israeri yose, vanhu vose vaizvitenda izvozvo, vaporofita, kana vaiva vaporofita vakaratidzwa. VaHebheru makumi mata-... VaHebheru chitsauko 1, yakati, “Mwari, munguva dzakare nenzira zhinji vakataura kumadzibaba kuburikidza navaporofita; mumazuva ano ekupedzisira, kuburikidza neMwanakomana waVo Jesu Kristu.” Munoono, kuburikidza neMwanakomana waVo Jesu Kristu. Cherechedzai, havashandure nzira dzaVo; chinhu chimwe chete, nguva dzose mukuenderera mberi kweShoko raMwari. Mwari havana kubvira vashandisa humwe hurongwa, havana kubvira vashandisa chero sangano, havana kumboshandisa mapoka. Vanoshandisa munhu mumwe chete oga.

<sup>111</sup> Kana uri muMethodisti, muBaptisti, izvozvo zvakanaka; muPresbyteriani, muPentekosti, zvakanaka; asi Mwari vanoshanda newe sedungamunhu. Ndiwe, kwete chechi yako. Iwe ndiwe ne mungava, kwete zvinotaurwa nechechi yako. Zvakataurwa naMwari! Zvinofanira kuva Shoko. Hongu, Mwari vanoshanda nedungamunhu. Vaigara vachidaro.

<sup>112</sup> Vaporofita, hakuna chikoro chevaporofita. Vakaedza izvozvo pane imwe inguva vakakundikana. Saka vakazoono, Ahabhi aiva neboka ravo zasi uko. Asi Mwari vaiva nemumwe chete, zvakare, aiva nezita rekuti Mikaya, uyo aivengwa nevamwe vose, asi aiva neChokwadi ipapo, aiva nechokwadi cheShoko, nekuti chiporofita chake chaiva maererano neShoko.

<sup>113</sup> Ndizvo zvazvinofanira kugara zviri. Muporofita anotumwa kusimbisa Shoko rakavimbiswa rezuva iroro.

<sup>114</sup> Zvino ipapo ndipo chaipo pavakakundikana kuona Jesu. Ndizvozvo chaizvo. Tarisai varume avo, vaFarise nevaSadhuse, nyanzvi dzedzidzo dzatisina nhasi. Vanofanira kuberekwa mune rimwe, kubva kune rimwe rudzi, Revhi. Anababa vababa vababa vababa vababa vasekuru vavo vaiva vaprisita, zvichidzika

zvakadaro. Vakanzvera Shoko iroro, siku nesikati, siku nesikati. Asi Shoko parakasimbiswa, havana kuriziva. Maona, vaiva netsika. Jesu akati, “Imi netsika dzenyu makaita kuti Shoko raMwari risareva chinhu.” Zvino, Akauya nenzira chaiyo iyo muporofita akataura kuti Achauya nayo, asi, munoono, vaiva netsika uye havana kukwanisa kuZviona.

<sup>115</sup> “Kacheche aka kari zasi uko, kekuberekwa zvisiri pamutemo, uye mudanga remombe, zvinogodaro seiko? Zvino muchinda uyu haana kana kuchikoro kwaakaenda. Aiva asina magwaro efundo. Aiva asina kadhi reyanano. Haana sangano raaibva kwariri. Hapana chikoro chavaiziva kwaAkaenda. Ko zvingava chimwe chinhu sei?” Asi zvaiva zvakadaro. Vakatatadza kuona.

<sup>116</sup> Akati, “Mabasa aNdinoita, anopupura pamusoro paNgu. Nzverai Magwaro, nokuti Maari munofunga kuti mune Hupenyu Husingaperi; uye ndiWo aCho anopupura, anokuudzai kuti ndiNi Ani. Ndiwo chapupu chaNgu, Magwaro.” Akati, “Kana mukasatenda iNi, tendai mabasa aNdinoita. Anokuudzai kuti ndiNi Ani.”

Vakati, “Tina Mosesi. Tinotenda Mosesi.”

<sup>117</sup> Akati, “Kana maitenda Mosesi, maizotenda iNi; akanyora pamusoro paNgu.” Maona?

<sup>118</sup> Vaiva rima, uye zvakadaro havana kuzviona. Handizivi kana zvikasadzokorodza? Zvakaporofitwa kudaro, munoziva. Zvakaporofitwa kudaro, ikoko.

Munoti, “Muzuva rino?” Oo, hongu.

<sup>119</sup> “Vane misoro mikukutu, vanokarira zvepamusoro, vanoda mafaro kupfuura Mwari, vanotyora sungano, vapomeri venhema, vasingazvidzore, vanozvidza avo vakanaka, vane chimiro chehumwari, asi vachiramba Simba racho; mufuratire vakadaro.” Zvakaporofitwa, uye chiporofita chose chinofanira kuzadziswa. Handizivi kana taswederwa kunguva iyoyo. Handizivi chete kana tadarwo. Regai titarise-tarise kwese kwechinguvana uye tigoona kudekara kwatakaita muZioni. Zvino tinoona.

<sup>120</sup> Regai tione zvaiva Jesu, paAkauya. Aive Shoko. Aive zvirokwasvo Shoko racho. Zvino Shoko rinogara richigadziriswa. Rinogadziriswa mhoshho. Kunyange mhoshho isingazvitendi, dzimwe nguva, asi Shoko rinogadziriswa mhoshho.

<sup>121</sup> Tarira kuna Jesu, pamakore gumi nemaviri; mukomana mudiki akada kuita sekakomana kakagara apa karere, ane masimbi mumakumbo ake. Jesu aiva mu—mukomana mudiki, makore angaita gumi nemaviri okuberekwa; pasina pakanyorwa maererano nekwaAkatomboenda kuchikoro. Asi vakasimuka vachienda kuMutambo wePaseka, uye pavaka... kana kuti paMutambo wePentekosti, waro. Zvino vakaenda

kumutambo, Josefa naMaria, neungano yose vachibva zasi muguta. Vakaenda kuJerusarema. Zvino mumazuva matatu parwendo, vachifungidzira kuti Aiva pamwe chete nevanhu nehama ikoko. Asi vakaMushaya. Vakatanga kutsvaga, zvino Akanga asiko ikoko. Vakadzokera kuJerusarema ndokuMwana ari mutemberi, achiitisa nharo nevaprisita, achiitisa nharo nevanhu ivavo.

<sup>122</sup> Cherechedzi pano, ndisiri kuda kukurwadzisai imi vanhu vechiKatorike. Asi imi vanotora Maria samwarikadzi kana murevereri, tarirai pano. Akapa chapupu, mutarirei achipomera chapupu chake oga. Akati, “Baba vako neni taKutsvaga, nemisodzi.” Tarirai zvaakaita. Akapomera chapupu chake oga. Aidana Josefa kuti ndiye baba vaKe.

<sup>123</sup> Asi tarirai. Achingova mwana, achingova mukomana mudiki, asi Shoko rinogara richigadzirisa mhosho. Akati, “Hamuzive here kuti Ndinofanira kunge ndiri pabasa raBaba vaNgu?” Shoko pakarepo, munoona, rakagadzirisa mhosho.

<sup>124</sup> Mudzimai akati, “Baba vako neni,” Josefa. Pamberi chaipo pevaprisita, avo vaakatoudza kuti akabata mimba yeMweya Mutsvene, uye pano ava kupupura nekuratidza Josefa saBaba vaKe, achipomera chapupu chake iye.

<sup>125</sup> Asi tarirai Shoko richizvinhonga. Iye aiva Shoko. “Pakutanga Shoko rakanga riripo, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari. Zvino Shoko rakaitwa nyama rikagara pakati pedu.” Shoko rakazvinhonga, kuti rigadzirise mhosho.

<sup>126</sup> “Hamuzivi here kuti Ndinofanira kunge ndiri pabasa raBaba vaNgu?” Kana dai Josefa aiva baba vaKe, angadai ari zasi uko mushopu yemuvezi wemapuranga, mubasa rake. Asi basa raBaba vaKe raive kupomera masangano iwawo nezvinhu, zvino Aivapomera ikoko, uko kwaA—uko kwaAibva. Akanga ari kuva ne—nenguva ikoko, kwavaisatonzwisisa kuti mukomana uyu aiziva sei zvakadaro. Asi Akanga ari Shoko. Hapana munhu akataura saYe. ZvaAitaura, Akanga aine simba rekuti zvishande.

Vaporofita ivavo vaidarowo, zvakare, nekuti vairarama munguva yacho.

<sup>127</sup> Akanga ari, A—Akanga ari vaporofita vose vachiitwa Mumwe, kusanganisa kunyangwe izvozvo, nekuti Akanga ari huzaro hweShoko. Akanga ari Shoko rose. Vaporofita vaingova Shoko kuzera iroro, asi Akanga ari Shoko kumazera ose. Akanga ari Mwari, pachaKe, achidzika uye nekuratidzwa mumutumbi wenyama. “Shoko rakaitwa nyama rikagara pakati pedu.”

<sup>128</sup> Ngationei kuti AkaZviratidza sei, Kwekutanga kwake, mushure mekunge Abuda kubva murenje, kubva pakubhabhatidzwa neMweya Mutsvene. Akabhabhatidzwa,

naJohani. . .Heino imwe pfungwa diki yamungabata musati mafunga nezvayo.

<sup>129</sup> Munoziva here kuti Bhaibheri rinoti, “Shoko rinouya kumuporofita”? Kana paine muporofita munyika, Shoko rinofanira kuuya kwaari.

<sup>130</sup> Tarirai Johani, aiva muporofita, wekutanga wavaiva naye, munoona, uye akanga ari muporofita weShoko. Zvino paakanga akamira ipapo, achiporofita, Shoko rakauya kwaari mumvura. Jesu akanga ari Shoko, akanyatsofamba achipinda mumvura. Zvino Johani akati, “Ndinoda kubhabhatidzwa neMi. Ko sei Muri kuuya kwandiri?”

<sup>131</sup> Uye Akati, “Regai zvive zvakadaro, nekuti zvinotarisirwa kwatiri kuzadzisa kururama kwose.” Sei? Zvino nekuti Johani aiva muporofita, uye iYe achinge ari Shoko, aiziva kuti Akanga ari Chipiriso, saka Chipiriso chaifanira kugezwa chisati Chaunzwa. Saka akabhabhatidza Jesu, achigeza Shoko, risati Raunzwa, munoona. Saka akabhabha- . . .Akati, “Regai zvidaro zvino, nekuti zvinotarisirwa kwatiri kuzadzisa kururama kwose.”

<sup>132</sup> Zvino paAkamudaro, Jesu akabva aenda achibuda mumvura. Zvino, tarirai, matenga akazaruka, akaona Mweya waMwari, wakaita senjiva, uchidzika zasi pamusoro paKe. Zvino Akaenda murenje, akayedzwa kwemazuva makumi mana, ndokuzobuda.

<sup>133</sup> Ngatiteverei shumiro yaKe zvino. Tiri muna Mutsvene Johani 1. Ngationei kuti chii chinotora nzvimbo, nekuona zvaAiva kumashure, zvadaro tozoona ZvaAri zvino, ipapo. Tarirai kwaAri mumazera ekumashure, zvino, tiri apo panguva yaJesu.

<sup>134</sup> Zvadaro tozovhara, pamwe tozvisimudzira mangwana, ikoko. Tinongova nemaminitsi mashoma asara.

<sup>135</sup> Heuno Achiuya, kubva murenje. Chinhu chekutanga, paiva nemurume aiva nezita rekuti—rekuti Andrea. Aienda kunonzwa mharidzo yaJohani. Zvino Johani akatanga kuti. . .

<sup>136</sup> Johani aizviziva kuti ndiye aizova mu—muzivisi waMesiya, nekuti akanga azvitaure kare, munoziva. Baba vake—vake vakanga vari muprisita, asi haana kumbotevera baba vake. Basa rake raiva rakanyanyisa kukosha kuti aende kuzvikoro zvedzidzo yebhaibheri, saka akaenda kurenje aine makore mapfumbamwe ekuberekwa. Aiziva kuti aifanira kucherechedza, aitofanira kuona chiratidzo chaizoratidza kuti Mesiya iyeye—iyeye aiva ani. Uye akazviziva chaizvoizvo, aiziva kudanwa kwake, akanga aine chokwadi nazvo, kusvikira aive amire pakati peboka revanhu rakaita serino, akati, “Aripo pakati penyu zvino. Pane Mumwe akamira pakati penyu, Wamusingazive. Achabhabhatidza neMweya Mutsvene neMoto.” Akati, “Handitokodzeri kusunungura shangu dzaKe.”

<sup>137</sup> Zvino ipapo, chinhu chekutanga, Jesu akafamba achiyuya, zvino akaona chiratidzo chacho. Akati, “Ndakaona chiratidzo, uye ndine chokwadi chekuti anga ari Iye.” Uye ndokuMubhabhatidza. Zvino apo Jesu. . .

<sup>138</sup> Uye pasina kupokana kuti Andrea akanga audzawo mukoma wake. Zvino, mukoma wake akanga akaita sekunge. . . Simoni, akanga akaita semumwe wevarume vakaomarara vasingadi kutenda chero chinhu. Akati, “Ndinorangarira zvandakaudzwa nababa vangu, vakati, ‘Mwanakomana,’ rimwe zuva vakati, ‘unoziva, takaredza, uye takavimba naMwari kuti—kuti vatipe hove, kuti tigobhadhara zvikwereti zvedu nekuwana chimwe chinhu chokudya.’ Vakati, ‘Nguva zhinji taitofanira kunamata, kare-kare mai vasati vashaya nevole, kuti tiwane hove dzakawanda, kuitira kuti tigova nechikafu chezuva iroro. Uye ndakagara ndakatarisira, sezvaingoitwawo nechero muHebheru wese akanaka, kuuya kwaMesiya.’ Akati, ‘Zvino ndava kukwegura, uye ndinofunga kuti handizoMuone. Asi ndinoda kuti imi vakomana muzive, Asati auya panzvimbo, pachava nemhando dzose dzezvinhu zvenhema zvichasimuka, munoono, asi ndinoda kuti muzive, tinofanira kuvimba neShoko. Mosesi muporofita wedu akatiudza, kuti, “Jehovha Mwari vachasimudza muporofita.” Zvino hatisati tava nemuporofita kwemazana nemazana emakore. Asi panozouya Mesiya, Achaziviswa ari muporofita. Zvino, muchaMuziva, nekuti Achange ari muporofita.”

<sup>139</sup> Zvino muchinda uyu aiparidza, asina chimwe chaaita asi kuparidza, Johani. Saka iye, Simoni, haana kuda zvakadaro.

<sup>140</sup> Saka akamuudza kuti Uyu waaitaura nezvake akanga auya, saka zvakaMuzivisa semuporofita, maona, kuti Iye. . . zvakanga, nemaitikiro azvo.

<sup>141</sup> Saka Andrea naSimoni vakaenda zasi rimwe zuva, uye vachisuka mambure avo, zvino vakadzika zasi kunoono Jesu. Zvino Simoni paakauya, achimhanyira muHupo hwaKe, Jesu akamutarisa akati, “Zita rako rinonzi Simoni, uye uri mwanakomana waJonasi.” Zvakabva zvazvipedza zvose. Akabva atoziva ipapo chaipo kuti rakanga riri Shoko iroro raitwa nyama. Munoono, Akazviziva.

<sup>142</sup> Sei? VaHebheru chitsauko 4, ndima 12, inozivikanwa nevadzidzi vese veBhaibheri, kuti, “Shoko raMwari rinopinza kupfuura munondo unocheka nekwose, uye ndiro rinonzvera mifungo nezvido zvemoyo.” Vaverengi vangani vanozviziva? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Ndizvozvo. VaHebheru 4, ndizvozvo, 4:12.

<sup>143</sup> Zvino, paakazviona, akaziva kuti Akanga asingangozive chete kuti iye aiva ani, Aiziva baba vake mutana vaiva nehumwari, zvakare. Akabva aziva pakarepo kuti ndiMesiya. Akapihwa makiyi ekuHumambo, gare-gare.

144 Zvino paiva nemumwe muchinda aiva akamira ipapo, ane zita rekuti Firipi. Saka aiva neshamwari yainzvera Bhaibheri pamwe naye, oo, kwemakore mazhinji, uye yaiva muchinda ainzi Natanaeri. Aigara mamaera angaita gumi namashanu, kana mukatarisa pamepu, uko kwaakaenda, achipoterera gomo kunotsvaga Natanaeri. Zvino paakamuwana . . . Akanga—akanga ari murume ane ochadhi. Aidzvera miorivhi, uye aiva kunze ikoko muochadhi, achinamata. Uye, saizvozvo, Natanaeri, mushure . . . kana kuti Firipi, ndiregerereiwo. Firipi, mushure mekuona Natanaeri achinamata, aiva murume wetsika dzakanaka, akamirira kusvika apedza kunamata. Iye, paakasimuka, akati, “Nhais! Huya, uone Uyo watawana! Jesu weNazareta, mwanakomana waJosefa, ndiye—ndiye Mesiya watiri kutaura pamusoro pake.”

145 “Oo!” Zvino chiterera murume uyu. Akati, “Zvino, pangava here nechingu chakanaka chingabuda paboka revanhu vakadaro, kubva pakati pavo?”

146 Uye ndinofunga kuti akamupa mhinduro yakanakisa chero munhu yaangagona. Akati, “Huya uone.”

147 Usa—usagare kumba uchitsoropodza. Huya uzvionere wega. Huya neShoko rako pamwe chete newe, uye ngatirinzverei uye tigoona zvariri. Unoziva zvinotaurwa neShoko zvichava zviri Mesiya uyu. ZvaAiva nezuro, ndizvo zvaAri nhasi. Nzverai Shoko, muone zvaAri. Kutu Iye isangano here, kana kuti Iye iboka revanhu here, Ndiye Ani? Maona?

148 Saka tinoona ipapo kuti vakanga vapoterera gomo, uye pasina kupokana Firipi akumutsanangurira zaAkanga ataura. “Nhais, muredzi mutana uye uyo akanga asina dzidzo yakakwana yekusaina risiti yacho, ndipo paakawana hove yacho, Akamuudza kuti aiva ani nekumuudza kuti baba vake vaiva ani. Hazvindahamisi kana Akasakuudza kuti uri ani, paunosvika ikoko.”

“Oo, unoreva nhema! Ndinofanira kuzviona,” akadaro.

149 Ndokufamba achiuyako muHupo hwaKe, pamwe sezvakaita, mutsara wekunamatirwa, chero kwawaiva uri. Jesu ainamatira vanorwara. Zvino Jesu paakatarira paari, nguva yekutanga yaAkamuona, Akati, “Tarirai muIsraeri uyo asina nduru maari.”

150 Iye kati, “Rabhi,” zvinoreva kuti mudzidzisi, “Makambondiona riinhi? Akati ndekekutanga kandaKuonai. Makambondiona riinhi?”

151 Akati, “Firipi asati akudana, pawaiva pasi pomuti, Ndakakuona.” Oo, iziso rakadini!

152 Tarirai—tarirai mhedzisiro yezvakaitika. “Rabhi, Muri Mwanakomana waMwari. Muri Mambo weIsraeri.” Murume iyeve akaziva . . .



153 Tarirai musiyano pakati pake nevaprisita avo vainge vakamira ipapo. Vapirisita ivavo vaisazvitenda, uye vaiziva kuti zvakaitika, saka vaifanira kuzonopa mhinduro kuungano yavo. Saka munoziva zvavakataura? Vakati, “Anoita . . . Muuki. NdiBherizebhabhu, dhiyabhore. Ndidhiyabhore.”

154 Zvino Jesu akati, “Ndinokuregererai nokuda kwaizvozvo,” yananiso yakanga isati yaitwa, “asi kana Mweya Mutsvene wauya,” zvino, “woita chinhu chimwe chete, shoko rimwe rinopesana naWo haringatomboregererwi munyika ino kana nyika ichauya.” Saka munoono kuti zvinotikandira papi kana tichiona zvimwe chete izvozvo! Maona?

155 Zvino tofambira mberi zvishoma. Tinoona, zvino, kuti pane mapoka matatu evanhu panyika, marudzi matatu. Tinozviziva. Hamu, Shemu, nevanhu vaJafeti; ndivo vanova muJudha, nemuSamaria, uye neMurudzi. Zvino muSamaria ihafu muJudha neMurudzi.

156 Zvino tinoziva kuti maJudha aitarisira Mesiya, naizvozvowo maSamaria. Asi isu veMarudzi taiva maAnglo-Saxon, ta—tainamata mipunzo, tichitakura nduni kumisana yedu, uye taiva mahedheni. Takanga tisingatarisiri Mesiya. Uye hakuna Mesiya akaratidzwa kwatiri, zvachose, kwete chiratidzo chaKe. Takaona murume achifamba, asi kwete chiratidzo chaMesiya.

157 Asi paiva neSamaria. Saka Jesu, pane imwe nguva ari munzira yaKe achidzika zasi kuenda kuJeriko, akapoterera negomo, “aifanira kuti apfuure nemuSamaria,” zvino Akauya kuguta rainzi Saika. Dzanga dzava kusvika nguva dzemasikati, pamwe nzvimbo yakada kuita seiyi pano. Zvino Akaenda kutsime akanogara pasi, zvino—zvino ndokutuma vadzidzi kunze kunotsvaga chokudya, chikafu.

158 Zvino vachiri ikoko, mumwe mudzimai, mudzimai wechidiki wemuguta, wemhando yembiri yakaipa, akava nevarume vakawandisa, ndokuuya kutsime. Nekuti, haaikwanisa kuuya nemamwe madzimai ose, nekuti, ichiri tsika, havakwanise kusangana pamwe chete. Saka akabuda kuti agonochera mvura. Zvino paakatanga kudzikisa chi—chirongo chemvura, newindurosi, kuti achere mvura, akanzwa inzwi reMurume richiti, “Mudzimai, Ndiigire mvura yekunwa.” Zvino akatarisa kwese-kwese, zvino pakanga paine muJudha. Uye mudzimai . . .

159 Aitaridzika kuva mukuru kudarika zera raKe. Airatidzika kuva mukuru kudarika zvaAiva ari. Munoziva, vakati muna Mutsvene Johani 6 ipapo, kuti, “Uri Murume asati adarika makore makumi mashanu ekuberekwa, uye Iwe unoti wakaona Abrahamu? Tava kuziva zvino kuti Une dhimoni.” Akati, “Abrahamu asati aveko, Ndiri.” Saka, asi, Iye, basa Rake—Rake ndiro rinofanira kunge rakaMuita kuti ataridzike kuchena musoro zvishoma, kana chimwe chinhu. Aingova nemakore

anenge makumi matatu nematatu, asi Aitaridzika seakura zvishoma.

<sup>160</sup> Mudzimai akati, “Unoti, Iwe zvauri muJudha, unondikumbira ini mudzimai weSamaria? Hatidyidzani. Hapana chinhu Iwe. . . Hatingatomboiti zvakadaro. Haukwani, haufaniri kuita zvakadaro.”

<sup>161</sup> Iye akati, “Asi dai waiziva kuti Ndiyani waunotaura naye, ungadai waNdikumbira mvura yokunwa.”

<sup>162</sup> Akange Achiitei? Aiita hurukuro. Baba vakanga vaMutuma kumusoro ikoko, asi Aiva ane. . . Heunoi mudzimai; nguva inofanira kunge yakwana. Saka Akati, Akataura naye kusvikira Abata mweya wake, kuuona. Munoono, Shoko rinonzvera mufungo uri mumoyo, zvino Aiva Shoko. Vangani vanotenda kuti Akanga ari Shoko? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Chokwadi. Maona? Zvino Shoko rinonzvera mifungo iri mumoyo. Maona?

<sup>163</sup> Akati, akaona kuti dambudziko rake raiva rei. Tinoziva tose kuti raiva chii; varume vakawandisa. Akati, “Enda unotora murume wako muuye pano.”

Mudzimai akati, “Handina chero murume.”

<sup>164</sup> Akati, “Wataura chokwadi. Wakambenge uine vashanu, uye uyo wauri kugara naye zvino haasi wako.”

<sup>165</sup> Tarirai kumudzimai mudiki uyu. Munoono, aiva akadonha kubva mupfungwa dzaMwari. Aikwanisa kudzikinurwa. Akanga ari weko. Akange aine chinomiririra Kudenga. Akatendeuka.

<sup>166</sup> Tarisai musiyano pakati pemudzimai neavo vaparidzi, vaprisita vake. Vaparidzi ivavo, pavakazviona, vakati, “Saka, murume uyu muuki.” Vaive vasingazivi Shoko.

<sup>167</sup> Tarisai zvaakataura. “Tinoziva. Changamire, Munofanira kunge muri muporofita. Hatina kubvira tava nemumwe kwemazana emakore. Uye tinoziva, kana Mesiya auya, ndizvo zvaAchaita.” Oo, ini zvangu!

<sup>168</sup> Aigona—aigona kudzidzisa Birmingham chimwe chinhu. Aigona kudzidzisa imwe nyika yose chimwe chinhu. Hongu, changamire. Aigona kudzidzisa maseminari efundo yebhaibheri chimwe chinhu. Maona? “Mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi.” Tarirai, isu. . .

<sup>169</sup> “Changamire, ndinoona kuti Muri muporofita.” Munoono, Akaverenga mifungo yaive mumoyo make. Mudzimai akati, “Munofanira kuva muri muporofita. Tinoziva, isu maSamaria. Tiri kuzvitarisira. Pachauya Mesia. Hatina kumbova nemuporofita kwemazana mana emakore. Maraki waiva muporofita wedu wokupedzisira, uye akati pachazova neachafanotungamira. Takanzwa nezvake, mumwe murume ari zasi pa—paJorodhani apo, ‘Ndichatumira nhume yaNgu mberi

kwehuso hwaNgu, kuti agadzire nzira.’ Ndakanzwa nezvazvo. Uye tiri kutarisira Mesiya anouya, zvino uno.”

Akati, “Ndini Iye anotaura kwauri.”

<sup>170</sup> Zvakabva zvapedza nyaya yacho. Akabva aenda muguta, akati, “Huyai, muone Murume Andiudza zvinhu zvandakaita. Ko haasi iye here Mesia wacho?”

<sup>171</sup> Shamwari dzangu, hatisisina nguva yekuti tienderere mberi. Asi kana aiva Mesia zuro, ndiMesia nhasi, nekuti Ndiye mumwe chete zuro, nhasi. Akafa kuitira kuti aite yananiso, kuita kuti zvinhu izvi zvisvike pazvinoitika, kukupai mikana yekutora kubva pane izvo zvaAkakuitirai. Zvino, rangarira, kana uri mutadzi, wakaponeswa chaizvo pakafa Jesu pamuchinjikwa, asi unofanira kuzvitenda nekuzvigamuchira sezvako, ruponeso rwako pachako wega. Uye kana uchirwara, wakapodzwa pakakuvadzwa Jesu nokuda kwekudarika kwedu. Nemavanga Ake wakapodzwa.

<sup>172</sup> Zvino dai Aiva akamira pano husiku huno, akapfeka sutu ino yaAkandipa, hakungagoni kuva . . . Kana ukati, “Ndipodzei, Ishe,” HaAigona kuzviita. Akatozviita kare. Maona?

<sup>173</sup> Asi zvino ko kana paine mumwe munhu wenyu anoti, “Kuti Jesu angadai ari muBirmingham, zvino, husiku huno?” Hongu, changamire. Akavimbisa kuti Aizozviita. “Aizova pano sei, muchimiro chakadini?” Mweya Mutsvene, ndizvo zvaAri, mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi. Ari muchimiro cheMweya Mutsvene.

<sup>174</sup> Zvino ndinoshuvira kuti dai ndaiva nenguva yekuisa imwe pfungwa pano, asi pamwe handizodaro. Regai, regai ndiitore, nekukurumidza. Mungadaro here, mungatsungirirewo here neni mamwe maminiti mashoma? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Handidi kukuchengetai kwenguva yakarebesa, uye kuti mupotse mabhazi enyu.

<sup>175</sup> Jesu akati, muna Mutsvene Ruka chitsauko 16, kana kuti chitsauko 17, “Sezvazvaive mumazuva aRoti, ndizvo zvazvichave pakuuya kweMwanakomana wemunhu.” Akadaro here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti]

<sup>176</sup> Zvino tarirai zvazvaiva. Aiverenga Bhaibheri rimwe chete serataiverenga, Genesi 22 kana 19, 20, pane pamwe panhu imomo. Cherechedzai, Aiverenga Bhaibheri rimwe chete. Tarirai mamiriro aRoti. Oo, yaiva nyika yezvivi kwazvo, nzvimbo ine zvivi kwazvo! Tarirai zvatiri mazviri nhasi uno.

<sup>177</sup> Tarirai zvaAkataura, “Chi—chi—chi—chizvarwa chezvivi uye cheupombwe; chakaipa, cheupombwe chinotsvaga chiratidzo. Uye vachachiwana, chiratidzo chaJona akamutswa kubva kuvakafa; kana kumutswa kwakangoita sekunge akanga afa, mudumbu rehove huru kwemazuva matatu nehusiku hutatu.

Mwanakomana wemunhu, chiratidzo cherumuko, chizvarwa chino cheupombwe chinogamuchira chiratidzo cherumuko.”

<sup>178</sup> Zvino Jesu akati, “Sezvazvaiva mumazuva aRoti.” Cherechedzai mamiriro acho. Paive neVatumwa vaviri zasi ikoko pakati pevaSodhoma, vachiparidza, nhume mbiri huru. Paiva neMumwe akagara naAbrahama.

<sup>179</sup> Zvino avo vakadzika zasi kuSodhoma zasi ikoko, vakaita zviratidzo. Nechii chavakaitisa? Vakaparidza Vhangeri nekuvarova nehupofu. Kuparidza kwavo kwoga kwakapofomadza vanhu. Kana aisava Billy Graham wanhasi, handisati ndamboona mumwe. Hakusati kwambova nenhume, mumazera ose, ane zita rake rinopera na -h-a-m, kuchechi. Rangarirai, taka-takava naMoody, Sankey, Finney, Knox, Calvin, nevakadaro, Billy Sunday, asi kwete -h-a-m kusvikira panguva ino; -h-a-m, “baba kune marudzi.” Zviriko zvino, maona, zasi uko. Tarirai mamiriro akaita Sodhoma.

<sup>180</sup> Uye, rangarirai, paiva noMurume akagara navo kumusoro ikoko, uyo Abrahama waakadana kuti *Elohim*, Mwari. Tarirai izvo iye, kuti akaziva sei kuti Aiva Elohim. Akati, “Abrahama, aripiko mudzimai wako, Sara?”

Akati, “Ari mutende, kumashure kweNyu.”

<sup>181</sup> Makore zana ekuberekwa. Akati, “Ndichakushanyira, maererano nevimbiso yandakakupa, panguva yehupenyu,” mamwe mazuva makumi maviri nemasere. Aitarisira kwemakore makumi maviri nemashanu, zvino. Sara ane makore makumi mapfumbamwe uye iye ane makore zana. “Ndichakushanyirai maererano nenguva yehupenyu.”

<sup>182</sup> Zvino Sara akati, “huh,” pachake, mutende.

<sup>183</sup> Akati, “Sei Sara aseka, ‘huh’ iyo, mutende, kumashure kwaNgu?”

<sup>184</sup> Abrahama akaMudana kuti, “Elohim,” Mwari vakaratidzwa munyama yemunhu. Vachidya mhu—mhuru, vachinwa mukhara wemombe, nekudya chingwa, zvimodho; uye Mwari vachiratidzwa munyama yemunhu.

<sup>185</sup> Jesu akati, “Sezvazvaiva mumazuva eSodhoma, ndizvo zvazvichava pakuuya kweMwanakomana wemunhu,” apo Mwari vachaZviratidza zvakare munyama yemunhu.

<sup>186</sup> Uye, rangarirai, ndicho chaiva chiratidzo chekupedzisira. Abrahama ainge aona chiratidzo pamusoro pechiratidzo pamusoro pechiratidzo. Asi heunoi Mwari, nguva ino, achiratidzwa munyama, uye achikwanisa kutaura izvo zvaifungwa naSara, ari kumashure kwaKe. Vaiziva kuti raiva Shoko, nekuti Shoko rinonzvera mifungo inenge iri mumoyo. Maona? Mazvibata here? Simudzai maoko enyu kana mazvibata. [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Zvakanaaka. Maona? Zvino, chakanga chiri chiratidzo chekupedzisira.

187 Zvino, rangarirai, Abrahama neboka rake vakanga vasiri muSodhoma. Vaiva kunze kweSodhoma, kwete kunze uko munyika yemasangano; kunze kweikoko, kunze uko. Muri kuona here chiratidzo chavakawana, mharidzo huru dzenjere? Asi tarisai chiratidzo chakagamuchirwa neChechi yakasanangurwa, Abrahama. G-r-a-h-a-m rine mavara matanhatu, nyika, nhamba yemunhu. Munhu akasikwa pazuva rechitanhatu; ndiye nhanhatu. Asi A-b-r-a-h-a-m-a rine mavara manomwe, munoona, Chechi yakasanangurwa yakamira pachena. Cherechedzai, vakawana chiratidzo chiya, Mwari vachiratidzwa munyama.

188 Zvino Jesu akati, tarisai zvino, Ruka chitsauko 17, mune... “Zvichava, sezvazvaiva mumazuva eSodhoma, zvichava saizvozvo pakuuuya kweMwanakomana wemunhu, apo Mwanakomana wemunhu ozarurwa.” Uye, rangarirai, apo Mwanakomana wemunhu, mumazuva ano ekupedzisira, achiratidzwa kuvanhu vaKe, kuburikidza naYe pachake achishanda pakati pevanhu. Johani, sezvazvaiva muna 14:12, akati, “Mabasa aNdinoita achaitawo zvakare.”

189 Zvino takavimbiswa izvozvo, kudzoreredza. Izwi rega-rega rine mharidzo kumashure kwaro. Zvino Mharidzo yaiva yekuti, “Dzoreredza kutenda kudzokere paKutenda kwepakutanga.” Maraki 4, “Dzoreredza Kutenda kune...kwemadzibaba, kuvanhu.” Vakapinda muzvinhu zvemhando dzese-dzese, asi, “Dzoreredza, zvakare, Kutenda ikoko.” Mharidzo yenguva, ndeye kuti, “Dzokera kuShoko!” Mwari,...

190 Rangarirai, tiri kutarisira Mwanakomana akavimbiswa. Zvino tiri Mbeu yaAbrahama. Ndizvozvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Mbeu yeHumambo, kuburikidza naKristu! Zvino vaitarisira mwanakomana akavimbiswa, Isaka. Zvino Mbeu yehumambo, nhasi, tiri kutarisira chiratidzo chakavimbiswa. Ndizvozvo here? [“Ameni.”] Mwanakomana waMwari akavimbiswa, kuti adzoke. Uye...

191 Vakanga vaine mhando dzose dzemharidzo, nemhando dzose dzezvinhu zvakaonekwa naAbrahama. Asi nguva pfupi apo mwanakomana akavimbiswa asati auya, chiratidzo chekupedzisira nyika yeveMarudzi isati yaparadzwa, chaiva ichi: Mwari vachiratidzwa munyama, vaiziva zvakavanzika zvemoyo.

192 Zvino ndicho chiratidzo chekupedzisira icho chechi uye neChechi yemweya dzinowana. Ndicho chiratidzo chekupedzisira icho chechi yepanyama inowana. Uye nyika yeveMarudzi ichaparadzwa, uye yagadzirira izvozvo zvino.

193 Nyika ichizunguzika kwese-kwese, nekundengendeka kwenyika. Sei? Nguva yekutanga yakambova nekundengendeka kwenyika kuchizunguza nyika yose, kwaiva paChishanu Chakanaka. Nguva yekupedzisira pakwakaizunguza, raiva

rimwe zuva reChishanu Chakanaka. Yakazunguzika nekuda kwei? Nekuti vakange varamba Mesia wavo. Sei yazunguzika zvakare? Vadzokorodza kuita chinhu chimwe chete. Maona?

<sup>194</sup> Zera reChechi yeRaodhikia. Chero mudzidzi webhaibheri anoziva kuti Aiva kunze, achigogodza, achiedza... “Tarirai, Ndimire pamukova ndichigogodza.” [Hama Branham vanogogodza kashanu papurupiti—Mupepeti] Zera rechechi roga rakaMuburitsa zvachose kunze. Uye Kanzuru yeMachechi, ndizvozvo chaizvo zvamakaita, kugadzira munembo wechikara, nekuuisa imomo. Saka, chii... Ko vaviri vangafamba pamwe chete sei vasina kubvumirana? Zvino nekudaro, varamba Shoko zvakare; Riri kunze. Handichakwanisa kuwana vandingashandidzana navo, kana kupi zvako. Ndizvozvo chaizvo.

<sup>195</sup> Oo Mwari, ivai netsitsi! “Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi.”

Ngatikotamisei misoro yedu.

<sup>196</sup> Ishe Mwari, Munozviratidza pacheNyu, mumazera ose, Mwari. Ndimi maive Mwari munguva dzakawanda Uyo akataura kumadzibaba kuburikidza ne vaporofita, mumazuva ano ekupedzisira kuburikidza neMwanakomana weNyu, Jesu Kristu; Watinoda nekutenda, nekuziva kuti ndiYe mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi, sezvaAkavimbisa.

<sup>197</sup> Zvino, Baba, iboka rakazonaka, rine kutenda kwakanaka. Zviri nyore kutaura navo. Asi, Oo Ishe, dai kutenda ikoko kwachingofamba zvino, kuchipinda mune chimwe chihero zvino, kuchibuda kunze chaiko kwemafungiro emunhu. Vanzwa izvi. Vakange vakazvidzidziswa nevafudzi vavo. Ivo, vanga vakazvitarisira, kwemakore nemakore, aizouya. Uye zvino tinonamata, Baba, kuti Muchazviita kuti zvizivikanwe nesu, husiku huno, kuti haMuna kufa, asi Muri mupenyu nekusingaperi; uye muchigara pakati pevanhu veNyu, seHapa riri mumupata, pakati pemamwe maruva ose, ruva rakanaka kudarika zviuru gumi.

<sup>198</sup> Zvino tinonamata, Oo Hapa remuMupata, kuti Muuye kwatiri, husiku huno. Zvizivisei iMi pakati pedu, moZviratidza muzera rino. Nekuti zvakavimbiswa, ndichangobva kuvaudza Shoko, rekuti mumazuva ekupedzisira, seSodhoma neGomora, saizvozvo Mwanakomana wemunhu anozvizarura pachaKe sezvaAkaita paSodhoma neGomora; Mwanakomana akavimbiswa asati auya kuvasanangurwa, uye kuparadzwa ndokuuya kune vakarambwa. Saka ndinonamata, Baba, kuti vagonzwisisa izvi. Uye Mungauyewo here kuzochengetedza Shoko reNyu, randinoziva kuti Muchadaro. MuZita raJesu. Amen.

<sup>199</sup> Zvino, ndinotenda Billy ati apa makadhi. Ndizvozvo here? Simudzai maoko enyu kana paine makadhi aphiwa. Nderipi vara

riri paari? [Mumwe munhu anoti, “B.”—Mupepeti] B. Zvakanaka, B. Ngatikurumidzei zvino. . .

<sup>200</sup> Ndichakukumbirai chinhu chimwe chete, kana mukangogara zvakadzikama zvino. Musafamba-famba. Chingotipai maminitisi gumi. Mungadaro here? Maminitisi gumi chete, kana munhu wese akangogara akanyarara zvakanaka kwemaminitisi gumi. Musafamba-famba. Zvakanaka.

<sup>201</sup> Ngatitangirei kubva panhamba potsi. Ndiyani ane B, nhamba potsi? Nekukurumidza zvino, simudza ruoko rwako. Kana usingakwanisi. . .

<sup>202</sup> Murume anga achipfakanyika panhovo, tarisai zviri pakadhi rake rekunamatirwa, kuti ndiro here. Munoono, mune kadhi rekunamatirwa here? Imi, hamuna rimwe here? Zvakanaka. [Mumwe munhu anoti, “Ndeye china.”—Mupepeti] Zvakanaka.

<sup>203</sup> Nhamba potsi, ndaipotsa here? [Umwe munhu anoti, “Pano.”—Mupepeti] Kana kuti pamwe tichatangira kubva pane imwe, zvino. Zvakanaka. [Mumwe munhu anoti, “Pano chaipo.”] Oo, ndine urombo. Zvakanaka. Nhamba potsi, nhamba yepiri, tatu. Nhamba yepiri, simuka, nekuti. . . Simukai kana, imi, ndadanidza nhamba yenyu. Piri, poshi, piri, tatu, ina. [Mumwe munhu anoti, “Pano chaipo.”] Ina.

<sup>204</sup> Shanu. Tarisa kadhi rako zvino. Shanu. Huyai pano chaipo mugoita mutsara mudiki. Shanu. Nhanhatu, nhanhatu. Nomwe, nomwe. Kana musingakwanise kusimuka zvino, regai mumwe munhu asimudze ruoko rwenyu, tinozovasimudza. Zvakanaka, nomwe. Sere, sere, sere. Nomwe, sere. Zvino tiri kungova. . . Tanyatsopfuurira nguva yedu zvino.

<sup>205</sup> Zvakanaka, zvakanaka, varegerei havo varambe vakagara ipapo kusvikira tagadzirira kuvadana, uye chingovaisai mumutsara pavanofanira kuva zvino. Zvakanaka.

<sup>206</sup> Pfumbamwe, pfumbamwe. Gumi, gumi. Gumi nerimwe, gumi nerimwe, gumi nerimwe. Mirai ipapo, zvino. Zvakanaka.

<sup>207</sup> Vangani pano vasina kadhi rekunamatirwa, uye uchirwara? Simudzai maoko enyu. Zvakanaka, simudzai maoko enyu. Vangani pano vasingandizive, simudza ruoko rwako; vanoziva kuti handizivi chinhu pamusoro pavo, simudza ruoko rwako. Zvakanaka. Zvino tarisai kuno mugotenda zvino. Ini. . . Munhu wese ngaanyatsoremekedza.

<sup>208</sup> Zvino ingorangarirai, kuti shoko rimwe chete rinobva kwaAri rinoreva zvakanyanya kudarika zvandingataura muzana rehupenyu. Munoono, ndinokwanisa kuparidza iZvi. Vangani vanotenda kuti *Izvozvo* iChokwadi? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Zvakanaka. Zvino, kana Chiri Chokwadi, Mwari vanosungirwa. Kana riri Shoko raVo, ndiyo vimbiso yaVo, Vanosungirwa kuzviita. Vanosungirwa kusimbisa Shoko

raVo. Ndizvozvo here? [“Ameni.”] Zvino kana Akazviita, munozvitenda here? [“Ameni.”] Imi zvitendei.

209 Zvino unogona kuti, “Jesu? Handina chero pandiri kutarisa ndichiMuona.”

210 Tarirai, ko kana paine mumwe murume anopinda muno nemavanga ezvipikiri mumaoko ake, ne—nezvinhu zvakazara kumeso kwake kwese, neropa, nezvakaaro? Chero munyengeri upi hake anokwanisa kuzviita. Uye, rangarirai, Jesu haauye nenzira iyoyo. PaAnouya nenzira iyoyo, nguva inenge yapera. Panenge pasisina imwe nguva, kana Akauya nenzira iyoyo.

211 Asi ko unogoziva sei kuti aiva Iye ipapo kana achinge Auya? Nekuti AnoZvibanidza neMweya waKe—waKe, chiratidzo chaKe, Hupenyu hwaKe mauri. “Ndini Muzambiringa, imi muri matawi.” Zvino ingozvirangarirai nekuzvitenda nemooyo wenyu wose zvino.

212 Zvino, ndiwo here mutsara wenyu wekunamatirwa, vese varipo? Ini—ini handizivi, sere kana gumi. Zvakanaka, Zvakanaka. Huyai pano. Mangwana husiku tichaedza kutora vamwezve. Munhu wese ngaave anonyatsoremekedza. Zvino varegei vaue, mumwe achiteverwa nemumwe, pavanenge vachiuya.

213 Zvino, nzvimbo yekutanga, ndinoda kuti vose vari mumutsara uyo wekunamatirwa, vanoziva kuti handikuzivei, mutsara mudiki wekunamatirwa uri pano, avo vanoziva kuti handikuzivei, simudzai maoko enyu; vanoziva kuti handina chandinoziva pamusoro penyu, vandisina chandinoziva nezvavo, handizivi zvinokunetsai, handina kana ruzivo. Zvakanaka.

214 Zvino, tive nekuremekedza chaiko, zvino chingorangarirai patakamira. Shoko raverengwa.

215 Zvino, rangarirai, handikwanisi kupodza munhu; Hakuna mumwe munhu anokwanisa kupodza mumwe munhu. Asi kutenda kwako, mune zviru Kristu, ndizvo zvinopodza. Zvino kana AkaZvzivisa pano sezvaAkaita, kuzviratidza pachaKe seizvi sezvaAkaita pane mamwe mazuva, munozvoMuziva here nekuda kwaizvozvo? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Ndiyo nzira yoga yaAkati AizoZviratidza. Ndiyo nzira yoga yaAkamboita yekuzviratidza pachaKe. Uye ndiYe mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.

216 Saka zvino heunoi mudzimai, sezvingori Mutsvene Johani 4. Jesu akasangana nemudzimai patsime; ndambotaura pamusoro pake maminiti mashoma adarika. Heunoi murume nemudzimai. Handisati ndamboona mudzimai wacho. Achangobva kusimudza ruoko rwake, kuti, handina kumbobvira ndakamuona uye haasati ambondiona, saka tiri vatorwa. Vangwana kadhi rekunamatirwa, uye nhamba yavo zvaitika kuiti yadanidzirwa. Muri. . .



217 [Hanzvadzi inoti, “Kwete, makandinamatira kuHammond, Indiana. Ndanga ndichireva, kuti, hamuzivi chero chinhu pamusoro pehupenyu hwangu, kunyange hazvo.”—Mupepeti]

218 Vati, imwe nguva kuHammond, Indiana ndakavanamatira, asi, vati, zvehupenyu hwavo ivo, handina chandinoziva pamusoro pavo, handina chandinoziva. Handisi kuziva zvamavinga pano, kana chinhu. Hongu, kune mazana evanhu vaive mumitsara yekunamatirwa, yandakambova nayo ndiri kumisangano, nezvime zvakadaro, zvakaita saizvozvo. Asi ndinoreva, kuti, ndinoziva kuti handi. . . Mwari vari Kudenga vanozviva, Bhaibheri iri riri pamusoro pemoyo wangu, handingambozvirangarira, mumwe munhu ari chinhabwe chakadaro, mumwe munhu akanamatirwa pamwe makore akawanda apfuura. Hammond, Indiana, yakanga iri nguva refu yakapfuura, makore akawanda apfuura pandaiva kuHammond, Indiana, makore masere kana gumi akapfuura. Saka zvino kungo. . .

219 Zvino kana Ishe Jesu vakandizarurira zvamavinga pano zvino, zvinobva zvaita kuti Mutsvene Johani 4 ive yemazvirokwazvo chaizvo. Chero chipi chaiva chiri mumoyo menyu, zvino Shoko rinonzvera mufungo uri mumoyo, sezvakaita Jesu kumudzimai wepatsime. Mungazvitenda here kuti ichokwadi zvino?[Hanzvadzi inoti, “Hongu.”—Mupepeti] Munodaro here?

220 Ungano inozozvitenda here kuti ichokwadi? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti]

221 Zvino herunoi ruoko rwangu rwuri paBhaibheri, ndichiti handicharangarira mudzimai, handichatozivi. Zvino asimudza ruoko rwake, zvakare, handingazivi kuti ari pano nekuda kwei. Ati akandiona kuHammond, Indiana, zvingadai zviri. . . Imi—imi, munhu wese, aigona kunge aivako, sokuziva kwangu. Handingaziva, kungori kumusangano.

222 Asi zvino dai Ishe Jesu vazviita izvi, kana Vakadaro. Handisi kuti Vachadaro.

223 Zvino ndinotora mweya wese uri pasi pano, pasi pesimba rangu, nemuZita raJesu Kristu. Zvino chinyatsoremekedzai.

224 Kana usiri mutendi, handikukurudzire kuti ugare muno muchivakwa, nekuti zvirwere zvinotapukira kubva pane mumwe zvichienda pane mumwe. Tinozviva izvozvo. Ndizvo zvinoita matambudziko zvakare. Vazhinji vakambova mumisangano kumashure uye vakazviona zvichiitika.

225 Zvino ndinoda kutaura nemi sezvakaita Ishe wedu kumudzimai uya. Zvino, munoona, makamira ipapo, muine chishuwo. Uye, imi, pamwe muri Mukristu. Handizivi kana muri. Anondiudza kana muri. Uye, zvino, ndiri Mukristu. Zvino vaviri, vari pamwe chete, murume nemudzimai. Uye, zvino, Mweya waMwari uri pano nechipo, kukuzivisa pamusoro

peizvo zvamuri kutaura naVo, zvamuri kutaura. Zvingava zvemari. Zvingava zvemumhuri. Handina kana ruzivo. Asi chero zvazviri, muchaziva kuti ichokwadi here, kana kuti kwete, kana Vakazvizarura.

<sup>226</sup> Ibundu. Kana zviri izvo, simudzai ruoko rwenyu. Zvino munotenda here? Zvino tarirai. Munoda here kuti ndikuudzei here pane bundu iri? Riri muhuro menyu. [Hanzvadzi inoti, “Hongu.”—Mupepeti] Kana zviri izvo, vheyesai ruoko rwenyu *seizvi*. Zvino munotenda here? [“Hongu, changamire.”] Zvakanaka. Endai nenzira yenyu, muchingotenda Ishe, kuti mu—munozvitenda.

<sup>227</sup> Huyai. Tiri vatorwa mumwe kune mumwe, ndinodaira kudaro, mudzimai. [Hanzvadzi inoti, “Hongu.”—Mupepeti] Hatizivani, asi Mwari vanoziva tose tiri vaviri. Munotenda here kuti Mwari vanogona kundizarurira dambudziko renyu? Zvingakubatsirai here? [“Hongu.”] Nekukuitai kuti muzotenda?

Chinyatsoremekedzai, nyatsoremekedzai.

<sup>228</sup> Zvino, rangarirai, paiva nemudzimai pane imwe nguva akange asina kadhi rokunamatirwa, tingati. Akapfuura nepakati. . . akabata mupendero wehanzu yaKe. Uye paakadaro, Jesu akatendeuka akati, “Ndiani aNdibata?” Ndizvozvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti]

<sup>229</sup> Akange aine chirwere chekubuda ropa. Akati, mumoyo make, “Kana ndikabata Murume uyo, ndinobva ndapora.” Zvino akaMubata. Uye mudzimai. . .

Akati, “Ndiani aNdibata?”

<sup>230</sup> Uye, handiti, kana Petro akaMutsiurawo, achiti, “Zvava kuita sekunge Marasika njere kana chimwe chinhu.” Akati, “Zvangu! Handiti, munhu wese ari kuKubatai.”

<sup>231</sup> Akati, “Hongu, asi ndapera simba. Ndinoona kuti simba rabuda kubva Mandiri.” Akatendeuka ndokutarisa-tarisa paungano kusvika Awana mudzimai iyeye. Zvino akamuudza zvaive dambudziko rake rekubuda ropa, kuti rakanga rapodzwa. Munozvirangarira here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti]

<sup>232</sup> Zvino Bhaibheri rakati, “Nhasi,” regai vashumiri vatipindurire izvi, “kuti ndiYe Muprisita Mukuru iko zvino anokwanisa kubatwa nemanzwiro ehutera hwedu.” Ndizvozvo here? [Vashumiri neungano vanoti, “Ameni.”—Mupepeti]

<sup>233</sup> Chingotora paAri. Iti, “Ishe Mwari, muparidzi uyo haandizive. Uye nditenderei ndibate hanzu yeNyu. Mungataurawo here kuburikidza naye?” Kana Ari mumwe chete zuro nekusingaperi, Anoita nenzira imwe chete. Ari munyama yemunhu zvino, achizviita, achidzikunura vanhu vaKe.

234 Zvino namata chete zvino, tenda nemoyo wako wose. Usapokane. Usapokane kana chinhu chimwe. Tendai zvinhu zvose. Tendai chete nezvose zviri mamuri. Tenda.

235 Zvino ndinoda kungo—kungobata mweya wenyu, mudzimai, kungotaura nemi. Munotenda here kuti zvinhu izvi ndezve chokwadi? Munotenda here kuti Ishe Jesu vanokwanisa kuzarura kwandiri zvamavinga pano? Nemiwo mune bundu. Ndizvozvo. Munotenda here kuti Anogona kundizarurira pariri? Riri munhengo dzechidzimai. [Hanzvadzi inoti, “Hongu.”—Mupepeti] Uye munhengo mariri, riri muchibereko. Ndizvozvo chaizvo. [“Hongu.”] Zvakanaka. Tendai zvino, endai, nemoyo wenyu wese ivai nekutenda.

236 Zvino heunoi murume. Mumwe murume pane imwe nguva akauya kuna Ishe Jesu, zvino zita rake rainzi Simoni, zvino, uye aidaizwa kunzi Petro; Jesu akamuudza kuti aive ani nekwaabva, kana kuti zvakwaiva. Zvino kana Ishe Jesu vachigona kundizarurira zvamavinga pano, munozvitenda here? Munoziva chinofanira kunge chiri chokwadi, kana—kana muchiziva kuti ichokwadi here kana kuti kwete. Asi, imi, munotenda here kuti ndiri muranda waVo. [Hama inoti, “Ndizvo chaizvo. Ndinozviziva.”—Mupepeti] Munoziva. Mazvita, changamire. Mazvita. Dai Ishe vakubatsirai zvino kuzvitenda nemoyo wenyu wose.

237 Kanhu kadiki aka kari pano, Ndanga ndichingoedza kukagadzirisa zvakanaka. [Hama Branham vanogadzirisa maikirofoni—Mupepeti]

238 Zvino muchitarisa kuno zvakare. Hongu, changamire. Makatarisana neoparesheni nekuda kwepakatsemuka. Ndizvozvo. Zvakare, buri riri mudumbu, mune buri riri mudumbu. Munotenda here kuti ndinokwanisa kukuudzai kuti muri ani? Munozvitenda here? Muri mufundisi, muri—muri mushumiri, nekuti ndiri kukuonai muri papurupiti. Uye zita renyu ndiWallace. [Hama inoti, “Uh-huh.”—Mupepeti] Tendai nemoyo wenyu wose. [“Kubwinya!” Ungano inoombera maoko.] Mwari vakuropafadzei. [“Ave makore makumi maviri akapfuura, kuPensacola.”] Haiwa, ini zvangu, ini zvangu! Zvakanaka. Ivai nekutenda zvino. Musapokane. Ivai nekutenda chete. Tendai zvino.

239 Zvino tiri vatorwa mumwe kune mumwe. Mwari vanotiziva tose tiri vaviri. Munotenda here kuti Ishe Mwari vanogona kundiudza chimwe chinhu pamusoro penyu, zvamavinga pano, kana chimwe chinhu? Ndave kuita sekunge ndinoti kurumidzei, nekuti vanhu vaka—vakamanikidzana, munoziva. Zviri... Munotenda here kuti Anokwanisa kuzarura chimwe chinhu chisina kumira zvakanaka pamuri? [Hanzvadzi inoti, “Hongu, changamire.”—Mupepeti] Munotenda. Uye munoziva manzwiwo akubatai, izvozvi, haangambobve abva pandiri. Ndiye Wacho.

["Hongu."] Anoitwa kuti munzwe chaizvo, kunge kutapira, kumwe kuzvinipisa. ["Ndizvozvo chaizvo."] Uye, Icho, makamboona here mufananidzo weChiedza chiya? ["Hongu."] Handiti, Ndicho chaicho chakakukomberedzai zvino.

<sup>240</sup> Zvino mudzimai ari kusuduruka pandiri. Ari kutambudzika. Ndinomuona, ari kuita sekunge ari kurema. Uye ane chirwere chearthritis, zvinozo. . . [Hanzvadzi inoti, "Hongu."] Ndizvozvo chaizvo. Kana zviri izvo, simudzai ruoko rwenyu. ["Hongu."] Ndizvozvo. Zvino mune dambudziko pahuro. ["Ndizvozvo chaizvo."] Muri kutambudzwa nepahuro. ["Ichokwadi."] Ichokwadi. Uyezve mune matambudziko emoyo, kuzarirwa kunobva pamoyo wenyu. ["Hongu."] Ichokwadiwo, zvakare. ["Ichokwadi."] Hamusi wekuno. Munobva kune imwe mhando yenyika uko kwakazara. . . Munobva kure-kure chaiko. Munobva kuPennsylvania. ["Hongu, changamire, ndiko kwandinobva."] Ndizvozvo, huyai zasi kuno. Zvino endai kumba munoita zvakanaka. Jesu Kristu anokupodzai, anoitwa kuti muve mutano.

Huyai. Ivai nekutenda zvino. Musapokane.

<sup>241</sup> Zvino regai, musafamba-famba, ndapota musadaro. Zvishoma chete zvino, tino. . . kana mukandipa mumwezve mumwe chete. Ndipei mumwe chete uyu tobva tamira, kana mukangonditendera kuti ndigova nemumwe chete uyu. Musafamba-famba, ndapota musadaro. Ndinoziva ndiri kukubatai kwenguva refu. Asi, munoona, uri mweya, zvino ndiri mukubatana nemumwe nemumwe wenyu zvino. Maona? Zvino ivai nekutenda.

<sup>242</sup> Ndiri—ndiri mutorwa kwamuri. Handikuzivei. Kristu anokuzivai.

<sup>243</sup> Pane murume anoramba achiuya. Oo, ndeuyu, mu—murume ane musoro wachena akagara pano apa, ari kutambudzika nedambudziko remumabvi ake. Munotenda here kuti Mwari vanoitwa kuti muite zvakanaka, changamire, uye vokupodzai, nedambudziko iroro remabvi? Uye munotenda here kuti Anoitwa kuti munzwe zvakanaka? Murume uyo ari kuseri chaiko kwe—kwehwiricheya apo, kana mukatenda nezvose. . . Muri kutambudzika nedambudziko remabvi. Simudzai ruoko rwenyu. Zvakanaka. Mabata chinwe chinhu, hamuna here? MaMubata. Uh-huh. Ndizvozvo chaizvo.

<sup>244</sup> Nhavi, gara zviya, mudzimai akagara apo parutivi rwenyu, chiedza. . . mudzimai. Munonditenda here, hanzvadzi, kuti vagoziva kuti zvinobva kuna Mwari? Munotenda here kuti ndiri muporofita waKe? Munonditenda here?

<sup>245</sup> Pane maungira pane icho. [Zvinokudza izwi zvinoita maungira muodhitoriyamu—Mupepeti]

<sup>246</sup> Muri kutambudzika neBP. Kana zviri izvo, simudzai ruoko rwenyu. Zvakanaka, isai maoko enyu pamusoro pavowo,

zvakare, nekuti havana kunyatsozvibata zvakanaka. Uye zvararo mozvitenda nemoyo wenyu wose, uye muri vaviri munopora.

Ko vabatei?

<sup>247</sup> Pano, mudzimai achangochibata zvino. Akagara kumashure-shure kuno, akakotamisa musoro wake, achinamata. Ari kunamatira kuti Ishe vamupodze. Zvaari... Ari kutambudzika, akagara panoperera mutsara wacho apo. Ane kutsemuka mudumbu kwaari kunamatira nezvako. Uye munotenda here kuti Mwari vanokupodzai, mudzimai? Simudzai ruoko rwenyu. Mudzimai mudiki, ane vhudzi dema akapfeka magirazi, anga ari kunamata kuti Mwari vamupodze. Handimuzivi, handisati ndambomuona muhupenyu hwangu. Mwari Vanozviziva izvozvo. Kana ndiri mutorwa kwamuri, vheyesai ruoko rwenyu, amai. Ndizvozvo, handina chandinoziva pamusoro penyu. Saka, zvino, munozviziva kuti ichocho ichokwadi, handizvo here? Zvakanaka, Jesu Kristu anokupodzai, kana mukazvitenda.

<sup>248</sup> Nhai, makagara kumashure kwavo, mudzimai uyo akagara apo, akanyatsogara kumashure kwavo apo, ari kunamata, zvakare. Chingotevedzai Chiedza icho. Hongu. Hamusi kuona here Chiedza icho chiri apo chaipo? Maona? Maona? Zvino tarisai. Mudzimai akamboitwa opareseni, asi zvaari kunyatsoda kuti Kristu amuitire kubvisa mapundu paruoko rwake. Munotenda here zvino kuti Anozviita? Si... Hongu, simudzai ruoko rwenyu. Zvakanaka. Kana mukazvitenda, munogona kuzova nazvo. Ingovai nekutenda chete, uye musapokana. Tendai. Ini... .

<sup>249</sup> Kwete, varume vaviri vakasiyana. Ndafunga, kuti murume uyu; ndeuyu murume akagara apa. Munotenda here, changamire, vakagara apo chaipo? Munotenda here nemoyo wenyu wose? Munotenda here kuti Mwari vachakupodzai padambudziko reprostata, kuti muite zvakanaka? Mune dambudziko reprostata. Vheyesai ruoko rwenyu, kana zviri izvo. Ndizvozvo chaizvo. Kutenda kwenyu kwakupodzai, changamire. Jesu Kristu akupodzai. Handisati ndamboona murume uyu muhupenyu hwangu.

<sup>250</sup> Hamusi kuona here kuti Vari pano? HamuMutende here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti] Hamuone kuti ndiYe here?

<sup>251</sup> Zvino chimbomirai kweminiti. Mu... . Oo, hongu. Handitendi kuti Akuudzai zvinhu pamusoro penyu, Akuudzai Here? Munotenda here kuti Anogona kuzviita? Munotenda here kuti ndinogona kuzviita, kuburikidza nenyasha dzaKe nesimba? Inozenge iri vimbiso yaKe here? Muri kutambudzika nechimwe chinhu chisina kumira zvakanaka nemutsipa wenyu. Makambodonha, saka ndizvo zvakaunkonzera. Ndizvozvo

chaizvo. Dzokerai zvino, muri kuzoita zvakanaka. Jesu Kristu vanoita kuti muite zvakanaka.

<sup>252</sup> Munotenda here, munhu wese anotenda zvino nemoyo wake wose? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Zvino pane vatendi vangani varipo pano? Simudza ruoko rwako. Kwese-kwese muchivakwa, akasimuka. Zvakanaka, imi tendai. Zvino nekukurumidza. . . Tave zvechokwadi, pedyo chaizvo nekusvika pahafu yeawa tapfuurira nguva yedu. Chiitai izvi zvino. Jesu akati. . .

<sup>253</sup> Munotenda here kuti Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi? Munotenda here kuti Akavimbisa kuita izvi muzuva ranhasi? Munotenda here kuti ndicho chiratidzo chekupedzisira chichaonekwa nechechi ino zvino kudzoka kwaShe kusati kwaitika? Munotenda here kuti tasvika kumagumo chaiko, Magwaro ose azadziswa, tagadzirira kuuya kweMwanakomana?

<sup>254</sup> Zvino Jesu akati, “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda.” Zvino isa ruoko rwako pane mumwe munhu ari parutivi rwako chaipo. Zvino, uri mutendi. “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda.” Zvino kana Akachengeta Shoko raKe, kuita izvi, Anochengeta Shoko raKe kuita izvowo, zvakare. Zvino chinamatira munhu ari parutivi rwako. Ivo vari kukunamatira. Maona? Zvino usazvinamatire. Iwe namatira munhu iyeye; ivo vari kukunamatira.

Zvino tose ngatikotamisei misoro yedu patiri kunamata.

<sup>255</sup> Baba veKudenga, tinotenda kuona Mesia akamuka. Makore chiuru nemazana mapfumbamwe emhando dzose dzefundo dzebhaibheri nemapato, asi zvakadaro, vari murima razvo zvose, Makavimbisa kuti Maizoonekwa pano mumazuva ekupedzisira, muzuva rino reSodhoma, uye Maizozvizivisa pacheNyu kuvana vaAbrahama, vakadanwa, vakasanangurwa. Zvino hezvinoi Muri pano, husiku huno mushure memakore chiuru nemazana mapfumbamwe, Muchingori mupenyu husiku huno sezvaMaiva paMakataura kumudzimai patsime. NdiMwari vachiratidzwa munyama, zvino vari munyama yeMwenga waVo, nekuti Mwenga neMurume inyama imwe chete. “Vaviri ava vava mumwe.” Uye Chechi yava kuva Mwenga, nguva dzose, kuburikidza nekutenda Shoko, kuitira kuti Shoko neChechi zvive zvinofanana. Shoko riri muChechi, richiriita Mwenga. Chiratidzo chekupedzisira, Mwari vachiZviratidza, Shoko riri muChechi.

<sup>256</sup> Oo Mwari, vanhu ava vanoti vanotenda, vaisa maoko avo mumwe pamusoro pemumwe. Vari kunamata. Tarisai zasi kubva Mukubwinya kweNyu, Ishe, tarisai. Simbisai Shoko reNyu. Makati, “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda. Kana vakaisa maoko avo pamusoro pevanorwara, vachapora.”

<sup>257</sup> Oo Mwari, Satani ngaave anokundikana pakubata kwake pakutenda kwavo husiku huno. Dai Mwari vapinda muno uye nekuvaita kuti vazive kuti Vazviratidza pachaVo pano chaipo pakati pedu. Uye Jesu Kristu Mwanakomana waMwari ari pano nesu zvino, Jesu Kristu akaratidzwa akamuka, achizvizivisa pachaKe. Kekutanga kaAkaita izvi kubvira makore chiuru nemazana mapfumbamwe apfuura, zvino heunoi Ari pano husiku huno. Dai Satani arasikirwa nesimba rake; kusatenda kwake kunyangadike, uye dai simba raKristu akamuka rauya muvanhu ava uye ripodze mumwe nemumwe wavo. Zvino tinodzinga Satani. NemuZita raJesu Kristu, ngaabve pavanhu ava iye zvino, kuitira kuti vose vagoita zvakanaka; apo vachiri kunamatirana, mumwe nemumwe, maoko avo akaiswa pamusoro pemumwe nemumwe. Zviitei, muZita raJesu Kristu.

<sup>258</sup> Zvino rambai makaisa maoko enyu mumwe pane mumwe. Tendai zvino. Rambai makakotamisa misoro yenyu, maziso enyu akavharwa. Tendai. Handina basa kuti muri papi, kana chakatsveyama pamuri; izvozvo hazvinei kana nechinhu chekuita. Kana Mwari, mushure memakore churu nemazana mapfumbamwe, vakamira pano, vachizviratidza pachaVo, kuti vakamutswa kubva kuvakafa; uye vakatora vanhu vanofa uye vachizviratidza pachaVo, kuve Mesia mumazera ose, Mesia mumwe chete achiita zvimwe chete nechiratidzo chimwe chete, Akamutswa kubva kuvakafa. Akavimbisa kuti Achazviita Kudzoka kwaKe kweChipiri kusati kwauya nekuparadzwa kwenyika yeveMarudzi! Heunoi Ari pano. Tichadzika mazviri muvhiki rino, patiri kufambira mberi. Asi imi, ko munogotamburirei vhiki rose, kana imi muchikwanisa kupodzwa iko zvino? Mumwe munhu ane maoko ake akaiswa pamusoro pako, iwe. Mutendi ane maoko ake akaiswa pamusoro pako. Akataura Mashoko aya, “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda. Kana vakaisa maoko avo pamusoro pevanorwara, vachapora. Vachaita zvakanaka.”

<sup>259</sup> Munozvitenda here nemoyo wenyu wose zvino? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Kana ukazvitenda nemoyo wako wose, uye kutenda kuti Jesu Kristu Mwanakomana waMwari akamutswa, Uyo achakutonga paDare reKutonga, ari pano husiku huno muchimiro nemunhu weMweya Mutsvene, uye achizvizivisa pachaKe nechiratidzo chaKe chimwe chete cheMagwaro chaAkavimbisa kukuratidza, uye kuti Aiva mupenyu, heunoi Ari pano. Kana ukazvitenda nemoyo wose, nekuMugamuchira semupodzi wako, Ndinokuraira, neZita raKe uye kuburikidza neZita raKe, kuti umire netsoka dzako zvino ugamuchire kupodzwa kwako muZita raJesu Kristu weNazareta. Simuka, kana uchizvitenda. Simuka.

<sup>260</sup> Zvakanaka. Vanhu vamuka kubva panhowo, vasimuka kubva mumahwiricheya. Uye zvakanaka kwazvo. Zvino Mupei rumbidzo, munhu wese. Simudzai maoko enyu. Ino ndiyo

nguva yaunogona kudanidzira nekuMupa rumbidzo. Munotenda here? Pane vanhu vabuda kubva mumahwiricheya avo, vabva panhowo dzavo, nekwose, vasimuka. NgatiMupei rumbidzo. Munhu wose chingosimudzai maoko enyu mugoMurumbidza. [Ungano inopembera nekurumbidza Mwari—Mupepeti] 🐦



64-0409 Kuratidzwa KwaKristu Mumazera Ose  
National Guard Armory  
Birmingham, Alabama U.S.A.

SHONA

©2021 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

[www.branham.org](http://www.branham.org)